ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№34 (24.004) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 24, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Сабийм и хуитынигъэхэмкІэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Іэуэкіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ

1. Иджыпсту иІыгъ къулыкъур щхьэщыхауэ, Сабийм и хуитынигъэхэмкІэ Уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и къулыкъум гъэувын Лынэ Светланэ Адалджэрий и пхэр.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 19-м
№20-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ К. В. Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэм теухуа и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм и лэжьакІуэхэру пщІэ зыхуэсщІхэ!

Фи Іэщ1агъэм ирилажьэхэм я махуэмкІэ сынывохъуэхъу. Щэнхабзэ - тхыдэ хъугъуэфІыгъуэхэр хъумэнымрэ гъэбэгъуэнымкІэ жэуап зыпылъ лэжьыгъэр вгъэзащІэурэ, фэ цІыхухэм я зэхэщІыкІым, гъэсэныгъэм зегъэужьынымкІэ, ди республикэм и щэнхабзэ къулеягъым зегъэужьынымкІэ къыпхуэмылъытэным хуэдизу Іуэхушхуэ зэфІвыоГъэкІ. Фи лэжьыгъэм и фІыщІэкІэ щІэблэхэм я зэпыщІэныгъэхэр йофІакІуэ, лъэпкъхэм я зэхъуэтынигъэр нэхъ быдэ мэхъу.

Фи Іэщ1агъэм фызэрызэІэкІуэльаэкІуэмрэ егупуныгъэ зэрывбгъэдэлъымрэ сэбэп мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэр къэрал псом хэІущІыІу щыщІынымкІэ, творческэ гупхэм я зэфІэкІри ди лъэпкъхэм я щэнхабзэм и зэфІэкІкІыр Урысейм, нэгъуэщІ къэралхэм щыгъэІуным толажьэ.

ФІыщІэ фхузощІ фи Іэщ1агъэм фызэрызэпэжьым, щэнхабзэм псэемыблэжу фызэрызэуэлажьэм, фи творческэ ерыщагъымрэ зэфІэкІымрэ папщІэ. Фи Іэщ1агъэмрэ зэчиймрэ ди лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, республикэм и лъэпкъхэм я хъугъуэфІыгъуэхэр, ди цІыхубзм я зэхэщІыкІымрэ гупсысэхэмрэ гъэбыдэным дяпэкІи зэрытелэжьэнум шэч кьытесхьэрхьым.

Уэыншагъэ быдэ,ефІэкІуэныгъэ, творческэ тегушхуэныгъэ фиІэну дыщалъуэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зегъэужьыным хуэунэтІа фи лэжьыгъэм екъуІэныгъэхэр кьыщыфхьыну си гуапэу сынывохъуэхъу.

● Къэрал Іуэху

Нэхъыжьхэм я нэІэ трагъэт

«Урысей зэкъуэт» политикэ партымрэ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ мурад ящІащ ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм исхэмрэ коронавирус узыфэм пэщІэтыныжьмкІэ дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну. Абы теухуауэ иджыблагъэ къэпсэльащ «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм и секретарь Турчак Андрей.

- ДЭ ЖЫДЖЭРУ дыдолажьэ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм. Зэгухьэныгъэм и къудамэхэр Урысейм и щІыналъэ псомиуапІэ щыІэ икІи ветеранхэм я псэукІэм, я Іуэху зытетым ахэр зэпымыуэу щыгъуазэщ. Абы къыхэкІыу тфІэкъабылщ къэрал куэдыр нобэ зыгъэгузавэ коронавирусым зэгъусэу дыпэщІэувэныр, - къыхигъэщащ Турчак Андрей.

Партым и Совет Нэхъыщхьэм и Президиуымэм хэт, «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амельченковэ Ольгэ жиІащ я Іуэхущ1апІэм и резервым волонтёр мин 25-рэ зэриІэр.

- Ди къалэныр ветеранхэм зэпымыуэу дапыщІауэ щытыныращ - я узынщагъэм зыщыдгъэгъуэзэн, зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр зыхуэдэр тщІэн щхьэкІэ, мазхуэм тІэу-щэ абыхэм я деж дыпсэлъэн хуейщ. Хущхъуэ, шхын яхуэхьун хуей хъумэ, ари кьызэдгъэпэщыпхъэщ, - жиІащ къэпсэльам.

Апхуэдэ лэжьыгъэр зэрызэтраублэнум теухуауэ егъэджэныгъэ курс зохагъэуващ. Волонтёрхэм абы зыщагъэгъуэзэфынущ, телефоным и гуэдзэну щытынущи.

Апхуэдэуи къэпсэльахэм къыхагъэщащ волонтёрхэр дохутырхэми щІэгъэкъуэн зэрахуэхъуфынур.

- Пэжьыгъэшхуэ къапэщылъщ медицинэм и лэжьакІуэхэм, сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ цІыху куэд екІуэлІэнущи. Іуэхугъуэ щхьэхуэхэмкІэ абыхэм ядэІэпыкъуфынущ волонтёрхэр. Псалъэм папщІэ, поликлиникэм псалъэ цІыхухэм абыхэм телефонкІэ жэуап кърату бублэ хъунущ. Апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэхэр сэбэп хъунущ медицинэм и лэжьакІуэм и къалэнхэр нэхъ мащІэ хуэщІынымкІэ, - дыщІигъуащ Турчак Андрей.

«Урысей зэкъуэтым» къыхилъхьащ чат мин 90 къызэригъэпэщыну, коронавирусым ехьэлІа Іуэхуэхэм щигъэгъуазэу. А лэжьыгъэр къыхэзрагъэпэщынущ щыналъэхэм я гъэзэщІакІуэ комитетхэмрэ депутатхэмрэ. Къищынэмыщ1аУэ, узыфэр зи ныбжь хэкІуэтахэмкІэ нэхъ шынагъуэу зэрыщытыр къэльытауэ, зи закъуэу псэухэм, жьы хъуахэм, ветеранхэм я деж махуэ къэс псэлъэнущ.

- Дэ цІыху мин 90 дохъу, муниципальнэ щыналъэхэм депутат мини 180-м щигъу щыдИэщ. Партым хэт дэтхэнэри щыгъуазэщ я щыпІэм гулъытэ хуэныкъуэу щыпсэуэхэр. ЖысІэнуращи, зи ныбжь хэкІуэтахэм псоми далъэІэсыну Іэмал диІэщ, - жиІащ Турчак Андрей. - Тыкуэнхэм телъ ерыскъыр зэрырикъум, хущхъуэхэр аптекэхэм зэрыщІэлъым щІэх-щІэхьурэ дыкІэлъыплъынущ, псом хуэмыдэу абыхэм я уасэхэр драмыгъэуеиным ди нэІэ тедгъэтынущ. Иджыпсту гулъытэ ин хуащІ тыкуэнхэм ерыскъымрэ псом нэхърэ нэхъыщхьэу къэдгъэсэбэп эхэпшыпхэмрэ зэрырашалІэми.

«Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыг минхэр щыхасэ

«Фэеплъым и жыг хадэ» зыфІаща дунейпсо Іуэхур къызэрагъэпэщащ. Хэку зауэшхуэм ТекІуэныгъэр къызэрыщытхьэ мы гъэм илъэс 75-рэ зэрырикъум.

ХЭКУМ и щхьэхуитынигъэм папщІэ зи гъащІэр зыта лІыхъужьхэм я щІыхькІэ жыг зырыз хэсэныр къыхалъхьащ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэмрэ ТекІуэныгъэм и дзэзешэхэм я фэеплъыр хъумэнымкІэ фондымрэ.

КъызэрэпэщащкІуэхэм зэрыжаІэмкІэ, я мурадыр зэхьэлІар цІыхухэр зэкъуагъэувэным и закъуэкъым, атІэ лІыгъэ зезыхьэхэм я фэеплъыр хъумэнырщ. «Жыг мелуан 27-р я фэеплъ хъунущ зауэм хэкІуэда цІыху мелуан 27-м», - жеІэ «ТекІуэныгъэм и волонтёрхэр» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ Амельченковэ Ольгэ.

Фэеплъ жыгым куэд «хуэпІуэтэжьфынущ». Абдежым унагъэр зэщІэзхуэсу и щІэблэр щыхигъэгъуазэ хъунущ я тхьдэм, я лІыхъужьхэм я гъэщІэ гъуэгуанэм. Мыхьэнэ ин зиІэ Іуэхур къызэрырахьэжьэрэ, хэтыну хуейхэм я бжыгъэм кІуэ пэтми хохъуэ. Апхуэдэхэщ волонтёр зэгухьэныгъэхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр, спортым хэтхэр, нэгъуэщІхэри.

Акцэм уэзрыхэтыну щыкІэр:

«Фэеплъым и жыг хадэ» Іуэхум уэхтын папщІэ **садпамяти2020.рф** сайтым уиухьэн хуейщ. Апхуэдэуи ВКонтакте социальнэ сетым гуэдзэн щхьэхуэ щолажьэ, Іуэхум теухуауэ уха3ыгъэгъуазэ иту. Абдеж щыналъэ уэдзощІэр къыщыхэбгъэщмэ, акцэр щекІуэкІыну щІыпІэмрэ зэманымрэ къыщыплъагъунущ. Къищынэмыщ1аУэ, сайтым зыщебгъэтхмэ, Іэмал уиІэщ хэпсэну жыгыр фэеплъ зыхуэпщІ лІыхъужьыр къэбгъэльагъэну. Іуэхум уэзрыхэтам и тхылъыр электрон Іэмалкіэ къыпІэрагъэхьэжьынщ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Нобэрэ пщэдейрэ

Гъатхэпэм и 24, *гъубж*

♦Жьэн узым ебэныным и дунейпсо махуэщ. Нэмыщэ микробиолог Кох Роберт 1882 гъэм хэІущІыІу ищІащ жьэн узыр кьэзэшІэ бактериер къызэрихутар. Зы илъэс дэкІри, абы кьихутащ талор къызыхэкІыр. И лэжьыгъэ тельыджэхэм папщІэ 1905 гъэм Кох кьратауэ щытащ Нобель и саугъэтыр.

♦Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я штурман Іэнатіэм и махуэщ

♦Пакистаным щагъэлъапІэ и къэралыгъуэм и махуэр

♦1753 гъэм Урысей империем цІыхум и хьэкумкІ укІкІэ ящІэну зэрыхуимытым теухуа упафэ кьыщащтащ.

♦1801 гъэм Урысейм и император Павел Къэнэ Санкт-Петербург щиІэ Михайловскэ уардэунэм щагъэІуэ нэху кьэкІащ.

♦1802 гъэм Инджылызым щыщ къэхутакІуэ Тревитик Ричардэ бахъэкІэ лажьэ мафІэгу къызэригупсысам щыхьэт техъуэ тхьлъ иратащ.

♦1822 гъэм Бирмингем (Инджылыз) щыщ инженер Черч Уильям тхыгъэхэр къызэращыт апэ типографие машинэ зэрызэпкърилъхьам и патент къыдихащ.

♦1898 гъэм США-м апэ автомобилыр щащащ. Ар «Winton Motor Carriage Company» компанием къыщІигъэкІа, «Уинтон» зыфІаща автомобиль лІэужьыгъуэрт. Ар доллар минкІэ ищ1ахуат инженер Эллисон Роберт.

♦1999 гъэм НАТО-м хьыхьэ къэралхэм я дзэхэр Югославием теуащ.

♦2008 гъэм Олимпием (Алыдж) деж щыпагъанэри ирахьэжьащ Китайм и къалащхьэ Пекин а гъэ дыдэм зыщщхьэуІум и 8 - 24-хэм щекІуэкІыну зытрауху Олимп Джэгуэхэм я мафІэр. А Олимпиадэр тхуэуГъурлащ адыгэхэм - алыджэрым бэнэкІэ лІэужьыгъуэмкІэ абы чемпион щыхьуауэ щытащ **Хъущт Аслъэнбэч**.

♦Совет физик, академик, оптикэм и лъабжьэр СССР-м щызыгъэтІылъа **Вавилов Сергей** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Козловский Иван** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ, актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Шульженкэ Клавдие** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Совет дзэ къулыкъущІэ, авиацэм и генерал-лейтнант **Сталин Василий Иосиф и къуэр** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Совет шахматист, дунейпсо чемпион **Смыслов Василий** къызэралъхурэ илъэс 99-рэ ирокъу.

♦Философие щІэныгъэхэм я доктор, ЩДАА-м и академик, КъШР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Шенкао Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъШР-м и къэрал, политикэ лэжьакІуэ **Арэшыкъуэ Мухьэмэд** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хъыдзэдж Борис** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-м и цІыхубэ артист **Серов Александр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Шыдакъ Татьянэ** къыщІалъхуа махуэщ.

♦УэрэджыІакІуэ, Адыгэ Республикэм и цІыхубэ артисткэ **Нэхей Тамарэ** илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусиу 10 - 12, жэщым градусиу 5 - 8 щыхьунущ.

Гъатхэпэм и 25, *бзэрэжьей*

♦ООН-м и лэжьакІуэхэу гъэру яІыгъхэм, хьыбарыншэу кІуэдахэм къащхьэщыхьыным и дунейпсо махуэщ

♦ЦІыхур гъэпщыІыныр щхьэхуимытхэмкІэ сату щІыныр я лей зытехьэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Спорт кином и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м щагъэлъапІэ Щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм я махуэр

♦Украинэм шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыжьыкІэ и къарухэм я махуэщ

♦Алыдж къэралыгъуэм и щхьэхуитынигъэм и махуэщ

♦421 гъэм Венецием - Италием и ищхъэрэ щІыналъэм щыІэ къалэ тельыджэм - и лъабжьэр игъэтІылъащ.

♦1872 гъэм Урысейм къыщыдгъэкІащ апэ пощт открыткэр.

♦1940 гъэм Тегеран Іэ щытрадзащ Иранымрэ СССР-мрэ сату ІэнатІэм, тенджызым щызэдэлажьэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

♦1974 гъэм СССР-м и кинотеатрхэм апэу щагъэлъэгъуащ Шукшин Василий и «Калина красная» фильмыр.

♦2018 гъэм мафІэсышхуэ къыщыхъуащ Кемерово дэт «Зимняя вишня» нэгуэгъэужьыпІэ комплексым. А насыпныншагъэм цІыху 60 хэкІуэдауэ щытащ. Абыхэм ящыщу 37-р сабийт.

♦Урысейм и пащтыхь **Василий III** къызэралъхурэ илъэс 541-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ, Урысейм и цІыхубэ артисткэ **Пахоменкэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Инджылыз уэрэджыІакІуэ, музыкант, композитор **Элтон Джон** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Украинэм щыщ боксёр цІэрыІуэ, дуней псом, Олимп Джэгуэхэм я чемпион **Кличко Владимир** и ныбжьыр илъэс 44-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриткІыкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градусиу 10 - 12, жэщым градусиу 6 - 8 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Мывэ къуршым мэш трасэкъым.

● ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлІэу

ЛІыхъужьхэм я фэеплъу

Урысей Федерацэм 2020 гъэр щагъэуващ Фэеплъымрэ ЩІыхьымрэ я илъэсу. Абы ехьэлІа дауэдащхэр къэралым щегъэкІуэкІыным хьыхьэу къызэрагъэпэщащ «ЛІыхъужьхэм я фэеплъу» къэралпсо проектыр.

АБЫ И МУРАД нэхъыщхьэр а щІэ лъапІэр Хэку зауэшхуэм къыщагъэлъэгъуа хахуагъэкІэ къэзыхьахэр, апхуэдэуи тылым щылажьэхэр гъэлъэпІэныгъ, абыхэм я фэеплъыр хъумэныращ. Проектыр хуэунэтІащ къытщІэхъуэ щІэблэр хэкупсэу гъэсэным, а Іуэхум иджырей мультимедийнэ Іэмалхэри къыщыгъэсэбэпыным.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ЛІыхъужьхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ дэфтэрхэр илъынущ Интернетым и YouTube-платформэм абы папщІэ къыщызэрагъэпэща напэкІуэцІым. Нэхъ тыншу ар къэвгъуэтын папщІэ къэвгъэсэбэп хъунущ мы ссылкэр:

https://www.youtube.com/watch?v=pHhmoJAELnU&list=PLVoWEuVfJ6sAEebzvOJnGalkIG2yfqIld

Абы нэмыщІ «ЛІыхъужьхэм я фэеплъу» проектым хьыхьэу ирагъэжьащ цІыхубэ эстафетэри. Абы хьыхь хъунущ ди щІыналъэм щыщ дэтхэнэри, Хэку зауэшхуэм хэта и Іыхьлыхэм зэрахьа хахуагъэм теухуа хъыбархэр хэлъщІыІу зыщІыну хуейхэр. Видео трахар «ЛІыхъужьхэм я фэеплъ-2020» проектым и хештегыр тету социальнэ сетхэм иралъхьэн хуейуэ аращ.

● Хъыбар гуапэ

Адыгэ щІалэм и зэфІэкІыр

«Урысейр зэфІэкІхэм я лъахэщ» зи фІэщыгъэ президент проектым ипкъ иткІэ иджыблагъэ «Урысейм и пашэхэр» зэпеуэм и бжыгъуэ зэфІэхьыр екІуэкІащ, абы нэса цІыху щэщІри нахуэ хъуащ. «Финансхэмрэ технологиехэмрэ» жьыхуиІэ унэтІныныгъэмкІэ зэхэта зэхьэзэхуэм къыхэжаныкІахэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІаи яхэтщ. Проектым и унафэщІ Комиссаров Алексей зэрыжиІэмкІэ, абыхэм ящыщу бжыпэ убыдыгъуэм нэсынур цІыхуипщІ къудейщ.

- ІУЭХУ къетхьэжьар, - жеІэ Комиссаровым, - дэркІэ щІэщыгъуэу щытми, дызыщыгугъа куэд нахуэ ищІащ. Финанс Іуэхуэхэмкіэ щІэныгъэфІ зыбгъэдэлъу къэралым исыр зэуІу тхуэщІащ, апхуэдэуи технологиещІэхэм щыгъуазэхэр, нобэрей дунейм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэм зи зэфІэкІкІэ къэмыльэнджэжу хэувэфынуэр утыку къитшэфащ. Ди гуапэ мэхъу Урысейм и щІыналъэхэм я нэхъыбэр зэпеуэм къызэрыхьыхар. Абы дэркІэ мыхьэнэщхъуэ иІэщ.

«Финансхэмрэ технологиехэмрэ» унэтІныныгъэмкІэ екІуэкІа зэпеуэм къигъэувыдт цифровизацэкІэ зэджэ Іуэхугъуэр банк Іуэхутхьбзэхэм хэпща хъуным и Іэмалхэр убзыхуныр, цІыхубэм ар ильэсгъэІэсыныр, зэгъэщІыкІыныр. Зэпеуэм хэтахэм я нэхъыбэр къэрал зехьэкІэ Іэмалхэм щыщІэздзащ цІыхуу, технологие къэунэхуэхэм япкъ иткІэ зызыхьуэж дунейм пашэ щыхъуну зэфІэкІ зыбгъэдэлъэщ. Абыхэм яхэтащ банкхэм, финансхэм, информациемрэ технологиемрэ, энергетикэм, узынщагъэр хъумэным икІи егъэфІэкІуэным, щІэныгъэм, мэкъумэшым епха Іуэхущ1апІэхэм я лэжьакІуэхэр.

Зэхьэзэхуэм къыхэжаныкІа адыгэ щІалэр «ОТП Банк» АО-м и унафэщІ **Тау Анзорщ**. Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъабэ щекІуэкІа «ПьагатІэщІэкэр» проектым жьыджэру хэтащ ар, абы щытекІуа цІыху 50-м языхэщ.

ШУРДЫМ Динарэ.

● Зэпеуэхэр

ИлъэсыМ и егъэджакІуэ нэхъыфІхэр къыхах



Жэнэтей Людмилэ

ХьэтІохъущ1ыкъуей къуажэ дэт, Куэтэншы ТІалэ и цІэр зезыхьэ 3-нэ курыт еджапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «ИлъэсыМ и егъэджакІуэ-2020» зи фІэщыгъэ, Іэщ1агъэлІхэм я урысейпсо зэпеуэм и щІыналъэ Іыхьэр.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ мы гъэм егъэджакІуибгъу хэтащ. Абыхэм дэтхэнэми я лэжьыгъэрэ зэфІэкІрэ къыщыхъущ Іуэхупежьэ псалъэкІэ къызэхуэсахэм зыкъэрагъэцІыхурэ, езыхэр зытелэжьыкІ, хьэлэмэт къащ1ыхъу методикэ Іэмалхэр зыхаухуэна дерсхэр ягъэлъэгъуащ. Абы къыдэкІуэу, зэи зыхэмыта сабийхэм псалъэ къызэрыхуагъэтыфыр, къызэрыдахьэхьфыр, псэлъэгъу къызэращІыфыр нахуэ къащІащ. Зэпеуэм хэтахэм я пщэрыпІэ нэхъыщхьэхэм ящыщ тутыку къэрахьа я методикэ Іэмалхэр егъэджэныгъэм ехьэлІауэ щыІэ иджырей Іуэхущ1ыкІэм къызэритІасэр, ар къыщыІахар, фІагърэ щхьэпэу пылъыр зыхуэдэр кьаІуэтэныр. Методикэ мардэхэр зращ1ылІэж дерсхэр абыхэм Іэмалынышэу техуэн хуейт.

Бжьыгъуэ зэфІэхьым нэса егъэджакІуэхэм мастерклассым и жьыпхъэм ит дерсхэр ягъэлъэгъащ. Мыбы къэсахэм я жьэнахуагъкІи, иджырей методикэ Іэмалхэмрэ бгъэдыхьэкІэхэмрэ зэрызэрахьэкІи, Іэнатіэу зыпэрытым хуаІэ Іэпэ1эсагъкІи узыхэдэнур умыщІэу гъэщІэгъуэныщІэу зыкъэгъэльэгъуащ.

Къэпщытакіуэ гупым гуимыхэр ящыхъуащ Тыжьей къуажэм дэт, КІуэкІуэ Валерий и цІэр зезыхьэ курыт еджапІэм урысыбзэмрэ урыс литературэмкІэ и егъэджакІуэ Жэнэтей Людмилэ и утыку итыкІар. Псори зэдзэрэзыуэ Гран-при абы хуагъэфэщащ. Къэпщытакіуэхэм къыхагъэщащ зэ ептьыгъуэкІэ къызэрыгуэкІыу къыщІэкІынущ дерсым егъэджэныгъэм теухуауэ къэралым щызэкІуэ пщалъэхэр зэщІэпщІыпщІэу абы зэрыхиухуэнэр, зэ зэхэпхъажьэ, етІуанэу ущІэмыупщІэжьну гурыІуэгъуэу икІи зэхэщІыкІыгъуэу къыхиха Іуэхугъуэр, урысыбзэм и мыбеджжьыІ щІэпащІэхэм теухуар, яхуэзэкІрихьын, щІэщыгъуэу ябгъэдилъхьэн зэрыхуэзэфІэкІар

Зэпеуэм хэтахэм ящыщу апэ увыпІэр хуагъэфэщащ Ислъэмей къуажэм дэт 4-нэ курыт еджапІэм химиемкІэ и егъэджакІуэ Бгъэжьнокъуэ Алесэ, 2-нэ увыпІэр къихьащ а къуажэ дыдэм дэт, Маршэн Нану и цІэр зезыхьэ 3-нэ курыт еджапІэм иджмылызыбзэмкІэ и егъэджакІуэ Урыс Каринэ, 3-нэ увыпІэр лъысащ Ислъэмей дэт 1-нэ курыт еджапІэм и пэщІэдзэ классым и егъэджакІуэ Гуэбэшы Марьянэ сымэ.

ТАБЫЩ Мурат.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъазэ

2020 гъэм и апэ илъэс ныкъуэм цІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щыщІадз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэми.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Лъэпкъ Іуэху



Тхылъыщ1эм и «лъэтеувэр» Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэ1уех.

К1эк1ыхъу Мэжид. Шапсыгъ Хасэм и лэжьыгъэм ДАХ-р щыгъуазэ ещ1.

Хьэф1ыц1э Мухьэмэд и псалъэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1ак1уэ гупыр Налшык щызэхуос

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Гъэзэщ1ак1уэ гупым и зи чэзу зэ1ущ1эр иджыблагъэ Налшык къал1э щек1уэк1ащ. Абы хэлэжьыхьащ Тыркум, Сирием, Иорданием, АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Ставрополь, Краснодар крайхэм, Осетие Ищхъэрэ - Аланием щылажьэ Хасэ къудамэхэм я тхьэмадэхэмрэ л1ык1уэхэмрэ. Щхьэусыгъуэ гуэрхэмк1э къримыхьэл1эфахэм папщ1э видео зэпыщ1энытыгъэ къызэрагъэпэщри, зэ1ущ1эм щек1уэк1 л1ажьыгъэм щыгъуэзахэщ Израилымрэ Европэм хыхьэ къэралхэмрэ я Хасэхэм я тхьэмадэ Тхьэухъуэ Зухьейррэ Дыщэк1 Эртанрэ. Зэ1ущ1эм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал к1эущ1 Іуэхуэхэмк1э и управленэм и унафэщ1 Къуэжей Артём, КъБР-м граждан жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмк1э и министр К1ырашын Анзор, ДАХ-м и Нэхъыжьым и советым хэтхэр, нэгъуэщ1эхэри.

Министр К1ырашын Анзор

Табыщ Мурат куэдым егъэп1ейтей.

Адыгеймрэ Тыркумрэ къик1а л1ык1уэхэр.

Шыбзыхъуэ Юрэ *(Ставрополь)*

ЗЭ1УЩ1ЭМ зэ1ущ1эпсэлъыхьахэм ящыщ1ущ 2020 гъэм и апэ мазищым къриубыдэу ДАХ-м иригъэк1уэк1а л1ажьыгъэр; Шапсыгъэм я Адыгэ Хасэм зэф1ыгъэк1 Іуэхуэр; анэдэлъхубзэр хьумэным, егъэф1эк1уэным зуэунэт1ауэ ДАХ-м и л1ажьыгъэр зи пщэ дэлъ гупым я Іуэхущ1афэхэр; «Анэдэлъхубзэр лъэпкым и гупсэщ» проектыр зэрек1уэк1ар; «Панорама культурной жизни черкесской диаспоры» тхылъыщ1эр къызэрыдэк1ар; Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 156-рэ щрик1у махуэр зэрек1уэк1ынум зыхуэгъэхьэзырыныр; хэхэс адыгэхэм я щ1алэгъуалэр КъБР-м, КъШР-м, АР-м я ед1ап1э нэхъыщхьэхэм щ1эныгъэ щызрагъэгъуэтыным и Іуэхур; ДАХ-м и Гъэзэщ1ак1уэ гупыр 2020 гъэм зэл1эжьыну Іуэхуэгъуэхэр убзыхуныр, нэгъуэщ1эхэри.

Зэ1ущ1эр къызэ1уихри, хамэ къэралхэм, гъунэгъу хэгъэгухэм к1ыик1а л1ык1уэхэм ф1эхъус псалъэк1э захуигъэзащ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**, ик1и зэрызэдэлажьэну жыпхъэр яубзыхури, Іуэхум пэрыхьащ.

Мы илъэсыр къызэрихьэрэ ДАХ-м иригъэк1уэк1а л1ажьыгъэм щытепсэлъыхьым, Сэхъурокъуэ Хьэутий псалъэмак1ыр къыщ1идзащ Хасэ зыбжанэм я тхьэмадэ хэхьиныгъэхэр зэрыщ1ам к1э. Иорданием и Адыгэ Ф1ыщ1э Хасэм и тхьэмадэу хахащ Къардэн Самир, Адыгеймрэ щ1ы Хасэм и тхьэмадэу Л1ымыщокъуэ Рэмэзан хахьжащ. Сэхъурокъуэм къызэхуэсахэм ягу к1ыгъэк1ыжащ ДАХ-р зыхэл1ажьыхьа Іуэхугъуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къызэгъэпэщак1уэ К1алмыкъ Юрэ тех1уа, адыгэ тхак1уэ ц1ярыІуэ Тхьэгъэзит Зубер щагъэльап1э пшыхьэхэр, «Адыгэ пщащэ» зэпеуэр, Армавир щылажьэ Адыгэ Хасэр илъэс 15 зэрырик1ум тех1уа зэхуэсыр, щ1ыналъэ куэдым адыгэбзэмк1э диктант зэрыщ1атхар, Мэздэгу къалэм адыгэбзэр зыдж1эхэм я курсхэм къыщ1ызэрагъэпэща зэ1ущ1эр, нэгъуэщ1эхэри.

Апхуэдэу, УФ-м и Президентым егъэщ1ыпл1а, Л1ыпх1э зэхущытык1эхэм пыщ1а к1ал1энхэр зи нэ1э щ1эт Советым зэрыхагъэхьэрэ л1ыпк1э Іуэхуу утыку к1ырил1хьаэм, ахэр гъэззэщ1эн и л1ынык1ыжк1э ек1уэк1 л1ажьыгъэм к1эщ1у тепсэлъыхьащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. УФ-м и Конституцэм хэл1ажьыхьыжьну къыхаха гупым хэту иригъэк1уэк1а л1ажьыгъэм и гугъу ищ1ащ Хасэ тхьэмадэм.

Сэхъурокъуэм и псалъэм къыпищу къэпсэлъащ Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **К1эк1ыхъу Мэжид**. Ар тепсэлъыхьащ иужьрей илъэсым хасэм и Іуэхущ1афэхэм ящыщу нэхъыщхьэу к1ыльыт1эхэм, адыгэ псэкупсэ щ1ынир хъумэнымрэ щэнхабзэм зегъэужьынымк1э Хасэм иригъэк1уэк1 л1ажьыгъэхэм. Мэжид и псалъэхэм к1ыхэщ1ащ адыгэ л1ъэпк1ыр адрей псоми к1ащхьэщызыгъэк1 и бзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр, Іуэрыіуатэр хъумэныр, а хъугъуэфыгъуэхэм нэхъри зегъэужьынымк1э, к1ыдзк1уэтей щ1еблэм, щ1алэгъуалэм ябгъ1эдэлъхьэныр л1ъэпк1ыр щыз1энымк1э, ахэр зыужьынымк1э и Іэмалыф1у зэрыщытыр.

Адэк1э псалъэ зэпыт, Къабэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэф1ыц1э Мухьэмэд** къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищ1ащ езыр зэл1эжьа, ДАХ-м къэралым хуэхиа мылъкумк1э (президент грант) къыдагъэк1а «Адыгэ хэхэсхэр. Щ1анхабзэ гъащ1эм и тепл1ъэгъуэхэр» тхылъыр дунейм къызэрытехьам. Хэхэс адыгэхэм ятеухуа тхылъ хьэлэмэтыр напэк1уэц1 228-рэ мэхъу, сурэту 282-рэ итщ.

Апхуэдэу Мухьэмэд жиІащ адыгэ дунейм и классик нэхъыф1 дыдэхэм я Іэдакъэщ1эк1эр щызэхуэхьэса тхылъ къыдэк1ыгъуэу «Черкесика» ф1эщыгъэр иІэу тхыльи 8 дунейм къызэрытехьар, «Адыгэ псалъэ» газетым и мин 24-нэ къыдэк1ыгъэр адыгэ газетиплым: «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку», «Жьынэпс» жьхуиІэхэм зэгуэту зэрытрадзар.

Анэдэлъхубзэр хьумэным, егъэф1эк1уэным елэжь гупым я л1ажьыгъэм щытепсэлъыхьым, **Щоджэн Іэминат** къыхигъэщащ Іуэхугъуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ1ащ адыгэбзэмрэ литературэмк1э зэредж тхылъыщ1эхэр (учебникэр) къыдэгъэк1ыным К1ЪБР-м творческэ гупхэр зэрыщ1ап1эжьыр, абы и л1ынык1ыжк1э КъШР-мрэ АР-мрэ хуэдэ зэпыщ1ан1ъэхэм. Тхылъыщ1эхэмк1э л1ажьыгъэ егъэджак1уэхэм я щ1ыныгъэхэм хэгъэхъуэным теухуауэ республикищым курсхэр къызэрыщ1эзрагъэпэщ1ам, апхуэдэ курсхэм к1ьек1уал1эм я бжьигъэми къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ абы.

- Мы л1ажьыгъэр псори зэкъуащ щ1ык1уэк1ыр. Хэхэсхэм я деж мы Іуэхур дауэ щызэ1уебл? Хасэхэм адыгэбзэр щезыгъэджэр дэл1ан1ъуэгъу хуэныкъуэ? Зэредж тхылъхэмрэ егъэджак1уэм и дэл1ныкъуэгъу методикэ тхылъхэмк1э дауэ къызэгъэпэщ? Абыхэм ятеухуауэ мащ1эщ дызыщыгъуазэр. Абы и л1ынык1уэк1э комитетым и л1ажьыгъэр егъэф1эк1уап1эщ. Ди зэманым и Іэмалхэм хуэдэ зэи щ1ак1ым - зэбгрыдзауэ псэу л1ъэпк1ым и бзэр иджыжьну І1эмалыф1щ интернетыр к1ыигъэсэбэпурэ. Мы л1ажьыгъэр зэтеубл1эгъуейщ жаІэмэ, зэредж тхылъхэм нэхъ тег1ъэщ1эн хуейщ. Абы и л1ынык1уэк1э хэкурысхэмрэ хэхэсымрэ нэхъ жыджэру зэдэлэжьап1эщ ик1и комитетым мы Іуэхум и нэІэ тету и л1ажьыгъэр зэтриубл1эну и гугъэщ, - жиІащ Щоджэн І1эминат.

К1ырашын Анзор псалъэмакъым къыпищэу жиІащ хамэ къэрал щыпсэу ди л1ъэпк1ъгъуэхэм яхудиІэ зэпыщ1эныгъэхэр гъэбыдэн и л1ынык1уэк1э КъБР-м Гражданэ жылагъуэ Іуэхущ1ап1эхэм ядэлэжьэнымрэ л1ъэпк1ъ Іуэхуэхэмк1э и министерствэм и л1ажьыгъэм щыщу зы унэтІыныгъэ къызэрыхилъхьэр. Ар - хэхэс адыгэхэм анэдэлъхубзэр егъэщ1энымк1э дистанционнэ курс жьхуэтІэхэр къызэрэпэщыныр щ1ынагъ. Мы л1ажьыгъэр ДАХ-м дэщ1ыгъуу къызэрагъэпэщмэ зэрыф1эк1абылыр, абы теІуэдэну мылъкур министерствэм и пщэ зэрыдилъхьэжьр кьыхиГъэщащ К1ырашыным.

«Анэдэлъхубзэр л1ъэпк1ым и гупсэщ» проектым ипк1 ит к1эГ ДАХ-м иригъэк1уэк1 Іуэхугъуэхэм тепсэлъыхьащ ДАХ-м и гъэзэщ1ак1уэ гупым хэт **Табыщ Муратрэ** Ставрополь щ1ыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Шыбзыхъуэ Юрэрэ**.

Адыгэбзэмк1э, адыгэ Іуэрыіуатэмк1э, тхыдэмк1э щ1эблэм и щ1эныгъэр здынэсыр къызэрахутэ зэпеуэ, адэ-анэр мы л1ажьыгъэм къыхэша хъун папщ1э Іэмалыщ1эхэр къагъэсэбэну сабийхэм я зэныкъуэкъу утыку к1ырахьэ проект зыбжанэ ДАХ-м зэрыригъэк1уэк1ынымк1э къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищ1ащ Табыщ Мурат.

Гъатхэпэм и 6-м Дунейпсо адыгэ диктантыр зэрек1уэк1ам, абы к1ырик1уахэм тепсэлъыхьащ Шыбзыхъуэ Юрэ. А Іуэхум и мыхьэнэм к1уэ пэтми зэрыхэхъуэр, абы къыхьыхьэхэм я бжьигъэр нэхъыбэ зэрыхъыр, Урысейм ис адыгэхэм нэмыщ1, хамэ къэралхэрэ мы Іуэхум жьыджэру зэрыхэтар къыхигъэщащ абы.

- Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 156-рэ зэрырик1ум зыхуэгъэхьэзырыным тех1уауэ зэ1ущ1эм къыщыпсэлъащ Сэхъурокъуэ Хьэутий. Абы къыхиГъэщащ илъэс зыбжанэ хьуауэ а махуэм епхауэ ек1уэк1 Іуэхуэхэр мы гъэми Налшык къызэрыщ1эзрагъэпэщынур, адыгэ щыпсэу нэгъуэщ1 къэралхэми апхуэдэ махуэхэр зэрыщек1уэк1ынур, адыгэу зыкъзэпл1ытэж дэтхэнэ зыри Щыгъуэ махуэм ехьэл1а дауэдапщэхэм зэрыхэтынур. Мы махуэр зэрек1уэк1ынум тех1уауэ Гъэзэщ1ак1уэ гупым хэтхэм я гупсысхэр къыхалъхьэну къыхуриДжащ Сэхъурокъуэм.

Тыркум щылажьэ Кавказ Хасэхэм я Федерацэм а махуэр зэрыригъэк1уэк1 хабзэм к1эщ1у къытеувыІащ **Токъмакъ Самит**. «Накъыгъэм и 21-р къэблэгъа нэужь, хэк1уэдахэм мэрем махуэм мэжджытхэм къурІэн щахудогъаджэ, итІанэ хы Іуфэм докІуэри, Щыгъуэ пэк1ур идогъэк1уэк1, ц1ыху мин бжьигъэхэр кърихьэл1эу. Мы гъэми апхуэдэу къызэдгъэпэщынэу ди мурадщ. А псом нэмыщ1, мы махуэм иригъэл1эу Тыркум къик1ыу хэкум къэк1уэну я мурадщ адыгэ гупышхуэ», - жиІащ Токъмакъым.

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ нэхъыф1у зэпыщ1а хъунымк1э щыІэ хэк1ып1эхэр нэхъ ябгъуауэ къэгъэсэбэпын зэрыхуейм и щыхьэту Гъэзэщ1ак1уэ гупым хэтхэр тепсэлъыхьащ хамэ къэрал щыпсэухэм я щ1алэгъуалэм ди еджап1э нэхъыщхьэхэм щ1эныгъэ щрагъэгъуэтыным. Сэхъурокъуэ Хьэутий къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ мы Іуэхур ДАХ-м и л1ажьыгъэм увып1э нэхъыщхьэ щызыІуфыдхэм зэращ1ыщым. Ди л1ъэпк1ъгъу нык1ыжыщ1эхэр КъБР-м, КъШР м, АР-м я еджап1э нэхъыщхьэхэм щегъэджэным Іуэхур зытетым къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБК1У-м и проректор **Къэжэр Артур**.

- Ил1ъэсип1щ1 ип1эк1э хамэ къэрал къик1а адыгэ щ1алэгъуалэ 500-м нэс: КъБК1уУ-м щеджэу щ1ытащ, абы щ1ыщу 200-р адыгэт. Иджы университетым щеджэм я бжьыгъэ зэрыхъур 180-рэ къудейщ (адыгэхэр 110-рэ мэхъу). Мы илъэсым хэхэс адыгэ нык1ыжыщ1эу 61-рэ къэралым хухих мылъкук1э щоджэ университетым. Мы бжьыгъэр мащ1э дыдэщ. Ди зэпыщ1эныгъэхэр нэхъ быдэ, нэхъ куу хъун папщ1э, мы Іуэхум щ1ыпІэ хасэхэр нэхъ жьыджэру хэл1эжьыхьыпл1эу зэрызэлъытэ, - жиІащ Къжэрыр.

Абы и псалъэм къыпищэу ДАХ-м и Советым хэт **Къуэдзокъуэ Анатолэ** жиІащ УФ-м и л1ъэпк1ъгъуэхэм я щ1ызфр1эр хэкум щегъэджэным теухуауэ УФ-м 1999 гъэ л1ьандэрэ Хабзэ зэрыщыІэр.

- Мы хабзэм мыгурыІуэгъуэ гуэри хэл1щ: хамэ къэрал щ1ыпсэу адыгэм, хабзэ и л1ынык1уэк1э, сыт хуэдэ щ1ык1эу къызэригъэл1эгъуэр ар Урысейм и л1ъэпк1ъхэм я зыхъхэым и к1удамэхэм зэрыщ1ыщыр? Мы Іуэхум ерыщу, І1эмалу щ1эр къагъэсэбэпу щ1ыпІэ Хасэхэри елэжьмэщ дифІ къыщ1ыпэк1уэнур, - жиІащ Къуэдзокъуэм.

Апхуэдэу, «Россотрудничество» къэрал Іуэхущ1ап1эм зэрыдэлажьэм и щапхъэу ДАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ **Бырсекъуэ Орфан** къик1ыгъэгъуащ хэкум щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щызрагъэгъуэтыну зигу ил1 ди л1ъэпк1ъгъуэхэм я тхылъ зыхуеинухэр яГъэхьэзырри, Россотрудничество-м и сайтым зэрырал1ьар, хамэ къэрал щыпсэу ди л1ъэпк1ъгъуэхэм я дежк1э мыпхуэдэ Іуэху зехьэк1эр І1эмалыф1у зэрыщ1ытыр, ар нэхъ ерыщу къэгъэсэбэпын зэрыхуейр.

КАФФЕД-м и л1ык1уэ **Алкыш Атиллэ** зэрыжиІамк1э, мы гъэм Тыркум къик1ыу ныбжьыщ1э 8-м я тхылъхэр яГъэхьэзыраш.

- Къапщтэмэ, а бжьигъэр мащ1э дыдэщ, ауэ ар нэхъыбэ зэрытщ1ынымкІэ, ф1ыщ1э тхылъхэмрэ тыгъэхэмк1э хуэупсащ адыгэ л1ъэпк1ым къыхэк1а ц1ыху щ1ипкъэ, ДАХ-м илъэс куэдк1э хэл1эжьыхьа, зи ныбжьыр илъэс 85-рэ ирик1уа, Иорданием щыІэ Адыгэ Ф1ыщ1э Хасэм и тхьэмадэ **Къардэн Самир**. Апхуэдэу л1ъэпк1ым и сэбэп къызэпыик1ын лэжьыгъэ ирихьэк1ыщ, и лэжьыгъэм щыщ1ещ1эн щ1ынагъ. Апхуэдэу утыку к1ырашэри щ1ык1ъ тхылъхэмрэ сауГъэтхэмрэ иратащ ар фЫ дыдэу зытхахэм, л1ажьыгъэхэр къэпщ1ытэным хэл1эжьыхьа егъэджак1уэф1хэм, Іуэхур къызэгъэпэщыным, дахэу ек1уэк1ыным хэтахэм.

Зэ1ущ1эм щытепсэлъыхьащ л1ъэпк1ыр щыгъэп1ейтей нэгъуэщ1 Іуэхугъуэхэми, абыхэмк1э унафэхэр І1эГтк1э къащтащ. Гъэзэщ1ак1уэ гупым и к1ыик1эльык1уэ зэхуэзэр мэкъуаугъэгъуэм щы1эну зэгуры-Іуащ.

КЪАРЭНАШЭ Мадинэ.

Щхьэщэмыщ1 Иэз ягъэлъап1э.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди махуэгъэпс

Псым и махуэ

ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1993 гъэм мазаем и 22-м иригъэк1уэк1а и зэхьхьэм гъатхэпэм и 22-р Псым и дунейпсо махуэу щагъэуващ.

Щ1ы Хъурейм тет къэралхэм я нэхъыбап1эм иужьрей лъэхъэнэм хуабжу щытопсэлъыхь дыкъзэыухъуреих дунейм щ1ыхьн, хуэсакъын зэрыхуейм. Абы ип1ъ ит к1э кърахьэжьа Іуэхугъуэхэм ящыщ1у «Псым и махуэ» зыф1ащ1ари.

Тк1уатк1уэ тепльджэр псэхэлъхьэжу зэрыщ1ытым дэтхэнэ зыри дыщ1ыгъуазэщ. Арщхьэк1э, абы езым к1ьилэжьыж хуэфащэ гулъытэ хуэтщ1ыжьыфу п1эрэ?

Дэ язынык1ъхэм деж дегупсысыхэрк1ым псым ди гъащ1эм щ1ыгъ увып1эр зыхуэдизым. Ди планетэр абы хущ1ымыщ1эу к1ыытщ1ихъуми, абы щ1ыщу уэзфэ хъунур щ1ыналъэ куэдым щымащ1эщ, ц1ыху меларди 2,5-м щ1игъум зэрызагъэк1абзэ псыр дагъуэншэкъым. Щ1ы Хъурейм гъащ1эр щызэтезыщ1ыгъэ а тк1уатк1уэ гъуэзэджэр ирик1уу к1ыызы1эрыхьэхэри дегупсысыпхъэщ ар зэгъэзэхуауэ къэдгъэсэбэпын зэрыхуейм.

Язынык1ъуэ щ1эныгъэл1ъхэм къызэралъытэмк1э, псым и зэхэлъык1эр куэдк1э елъытащ абы бгъэдэт ц1ыхум зыхищ1э гурыгъу-гурыщ1эмрэ гупсысэк1эу зэрихьэмрэ. Псым «зэхих» хъыбарыр, компьютерым ещхьу, игу иреубыдэ.

«Псыр псэхэльхьжщ», «Псыр псэм и зы нык1уэщ» псалъэжьхэр зэрызэпэджэжри нэрылъагъуц. Нобэрей щ1эныгъэр зыщыгъуазэр а жьІэгъуэхэмк1э нэхъ пасэу къэІуэта мыхъуауэ п1эрэ?

- Мы тк1уатк1уэм и зэхэлъык1эри телъыджэщ. Абы и «ахъыпльм» (кластерым) дэтхэнэ зы ц1ыхуми зыхуей псалъэуха щ1ыхуэтхынущ, хущ1егъуэжамэ, нэгъуэщ1к1и щ1ыхэзэхъуэк1ынущ, - езым к1ыхутахэмк1э къыддогуашэ профессор Рустум Рой.

Псым «псэ зэрыхэтыр» зэхэзыгъэк1а апэ къэпщ1тэныгъэхэр езыгъэк1уэк1ауэ къалъытэр Японием щ1ыщ щ1эныгъэл, доктор Мосару Эмотощ. Ауэ, къыжьыІэпхъэщ, псым и зэхэлъык1эр зэрызыхуэдгъаазэм, дызэрыбгъэдыхьэм зэрелъытар щ1ызэхэдгъэк1ыфын к1эхутэныгъэ щ1ык1уэхэр дэ тщ1ыщ дэтхэнэми зэрыхуегъэк1уэк1ынур. Абык1э щ1ыхэтщ Волгоград къал1э дэс Гребень Маринэ.

- Си щхьэк1э зГъэунэхуащ псым зэрызыхуэгбГаазэ псалъэхэмрэ абдеж дыдэм щ1ызыхэпщ1э гурыгъу-гурыщ1эхэмрэ псым зэрызыдищ1ыр, - жеІэ абы. - Сыт, атІэ, сэ сщ1ар? Ял1щ1ык1э, псы к1ызэрыгъэк1 Іэгубжьэк1э к1ызГъаъхуэри сефащ, Іэф1агъ-гуак1уагъ и л1ъэныкъуэк1э иужьк1э зэрызихъуэжьр зэхэзгъэк1ын мурадыр сиІэу. ИтІанэ, адрей псыр аргуэру Іэгуф1тым изубыдэри, гуапагъэрэ гумащ1агъэу к1ыысхуэгъэ1урыщ1эмк1э, дахэ жесІэмэ сеубзэрабзэурэ, сехъуэхъуу щ1эздащ. Арыхэхэри, езыр-езыру хъуа п1эльытэу, псым ехьэл1ауэ си гуи Іэф1агъэ мыухьжьм зыкъыщызащ1ИІэтащ. Апхуэдизу «сызыхуэупса» псым сыхуэзакъыпэрэ сеІубащ. Телъыджащэ, ауэ етІуанэу зыІуэгъэхуар, и Іэф1агъ-гуак1уагък1э, ял1эрейм хуабжьу к1ыщ1ьэщ1ык1ырт, - жеІэ Гребень Маринэ.

Ц1ыхум и гурыщ1эр, и гупсысэр псым зэрызыхищ1эр къэзыгъэлъагъуэ л1ажьыгъэшхуэхэр щрагъэк1уэк1ащ профессор Коротков Константин и лабораторэмк1. Псы зэрыт хьэкъущ1ыкъур къэзыуВыхьа гупыр, л1ьагъуныгъэм, гущ1абагъэм, к1абзагъэм ехьэл1а гупсысэхэр, зэрахуэзф1эк1ік1э, я щхьэм щ1ык1ыгъэ хущ1экуауэ. Псыр яхъэжьри, гупсысхэр шынагъэм, л1ьагъ1ымыхъуныгъэм, зэныкъуэкъу к1ъзэыгъэкъуэхэмк1э зэблахъуащ. Тк1уатк1уэ л1эужьыкъуитІри зэщ1агъэщтыкащ, я молекулэхэм я зэхэгъэувэк1эр къащ1эн щхьэк1э. «ФЫщ1э пхузощ1», «Къысхуэгъэсыгъ» псалъэхэр зыжраІа псым и молекулэхэм тхыпхъэщ1ыпхъэ дахэу зыззохахуэнащ. «Си гур пщ1ыкІащ» дыджьк1эгъэ зрапэса псым и кластерхэр микроскопк1э щызэпаплъыхьыжьм, ахэр нэджэГуджэ дыдэу къыщ1эк1ащ.

- Гупсысэ Іей и акъылым щызыхъумэ ц1ыхур и Іэпкъ-лъэпкъым хэт псыращ псом ял1э зэгуагъэри, Іейм телъжьн хуэдэу зэтриикуэри. Аращ нэхъыбэрэ уи гум ф1ы ибгъэлъыху щ1энэхъыф1ри. Къызэрыщ1эк1ымк1э, гупыгъэнщагъэм нэхъ Іеижу псым и ухуэк1эр зэтрекъутэ. Рашад сабийхэмрэ зи ныбжь хэк1ухэхэмрэ зэпымыууэ едэхэщ1эн, макъ щабэк1э епсэлъэн щ1ыхуейри, - щ1ыхьэт тохъуэ доктор Мосару Эмоторэ щ1эныгъэл1 Грубер Аллоисрэ.

А псом уедэІуа иужьк1э, ди псыежэххэм яІэ хъуа щ1ыгык1эм димыгъэгузэвэн тлъэк1ыркъым. Ахэр пхъэнк1ий идзып1э зэращ1ыжам дызыхуишэнур сыту п1эрэ, псыр Дыкъэзыгъэщ1ам и компьютерма?..

АтІэ сыт Псым и махуэр зыхуэгъазэр? Щ1ыуэпсым ехьэл1а адрейхэми хуэдизу, ар зэгъэщ1ылъ1ар мы Іэнатіэм щ1ыщ1э к1ал1эн тк1ийхэр зэф1эгъэк1ын зэрыхуейм жыла-гъуэм гу лъегъэтэнырщ. Мыбдеж зыщ1ипл1ахьырщ зэман дэбгъэк1мэ, дунейпсо ц1ыхубэм гуэзвэгъуэшхуэ к1ьазэрылъэ1эсынум шэч к1ытехьэгъуеийц. Ауэ щ1ыхъук1и, щ1ыуэпсыр хъумэныр, егъэф1эк1уэнырк1э къэрал псоми я унафэщ1хэми абыхэм щ1ипсэу ц1ыхухэми я зэхуэдэ к1ьалэнщ. Аращ зыхуэгъэзар Псым и махуэу гъатхэпэм и 22-м яГъэл1ап1эри.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Я лъахэгъуэм къагъэхьа тхыгъэхэр

Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм и библиотекэм щрагъэк1уэк1ащ «Письма огненных лет» зэхьхьэр. Ар я жэрдэмщ Бахъсэн щ1ыналъэм и централизованнэ библиотечнэ системэмрэ республикэм и лъахэхутэ музеймрэ, Мечиев Кязим и ц1эр зезыхьэ Ныбжьыщ1эхэм я республикэ библиотекэр щ1ыгъуу.

ЗЭ1УЩ1ЭМ хыхьэу къуажэдэс щ1алэгъуалэм папщ1э зэхуэхьэсащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм къагъэхьа письмохэм траха сурэтхэр.

«Сабийхэм Іэмал я1ащ Хэку зауэшхуэм хэтахэм я письмо телъыджэхэм - к1ьхъуэ Іуэхугъуэхэм, гурыгъу-гурыщ1эхэр щызэхуэхьэсахэм - зыхагъэгъуэзэну. Тхыгъэхэм щызэхуэхьэсащ тхыдэм и пэжыр, ныбжьыщ1эхэр зык1эльып1ылъну, зэрджэну, зэІусэну Іэмал я1ахэр, езы зауэл1хэм ятха тхыдэм. Абы мыхьэнэшхуэ и1эщ, дэтхэнэ унагъуэми зауэм фэеплъ к1ыщигъэнащи, ди къэралым ар зыщигъэгъупщэ хъунукъым. Хэку зауэшхуэм и зэманым щ1ы тхыгъэхэр - л1ыхъужьныгъэм, л1ыгъэм, хэкупсагъэм я тхылъщ1», - жиІащ Бахъсэн районым ЦБС-м и унафэщ1 Нэгъуей Радимэ.

Сабийхэм яф1эгъэщ1эгъэну ик1и яф1эфЫ ед1ауэщ, еп1ащ ик1и еджащ выставкэм хагъэхьа письмохэм. Пл1ъэ к1эщ1ми, сабийхэм блэк1а зэманым зыхагъэгъуэзащ, зауэ псалъэм и дыджагъыр зыхащ1эу.

ЧЫЛАР Аринэ.

Ислъамым и нур



Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

● Уаз

Рэмэдан мазэр къоблагъэ

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ мазэ лъапIэ Рэмэданыр къоблагъэ. КъищынэмыщIауэ, гуэныхыр щытхуагъэгъу Бэрэ1эт жэщ лъапIэри гъунэгъущ. Ар мэлыжьыхьым и 7-м тохуэ.

Сыт бэрэ1эт жэщыр зи щIысыр?

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхъэр арэзы зыхуэхъуам) и хьэдисым къыщыкIуащ: «Шэхьбан мазэм и кум щыIэ бэрэ1эт жэщыр вгъакIуэ Алыхьым фыхуэпщылIу, махуэм нэщI фIыгъ. Дыгъэр щыкъухьэжым щегъэжьауэ, а жэщ лъапIэр икIыукIэ Тхьэм и гущIэгъур зэпыунукъым. А жэщым Алыхьым жиIэнущ: «Къыфхэт фэ тобэ къэзыхьыхь? Сэ абы и тобэр къабыл сщIынущ. Къыфхэт лъапIэ? И лъэIыр хуэсщIэнущ. Къыфхэт сымаджэ? И узыр щхьэщысхынущ». Мис апхуэдэу щытынущ нэху щыхуэ».

НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ: Мухьэмэд бегъыумбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Шэхьбан мазэм и кум Алыхьыр хоплъэ цIыхухэм я Iуэху зыIутым. Псоми я гуэныхыр яхуегъэгъу, тхьэнэпцIэм яхуэпщылIхэмрэ зымыгъэгъуэхэмрэ къищынэмыщIа».

Аращи, а жэщ лъапIэр Тхьэм дыхуэпщылIу дгъакIуэмэ, ди насыпщ. Дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу Алыхьым дельэIумэ, дыхуэпщылIмэ, ди лъэIур къабыл зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Зыхуэдэ щымыIэ Рэмэдан мазэр

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм нэщI дохьэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 24-м. ЗэхъуэкIыныгъэ гуэр иIэ хъумэ, хъыбар фэдгъэщIэнщ.

Рэмэдан мазэм и фIыгъуэшхуэхэм ящыщу 8-р

1. Алыхьым къуитрилъхьа фарзитхум ящыщ зыщ Рэмэдан мазэм нэщIныр.

Алыхьым и псалъэу Къурэным къыщыкIуащ: ***«Рэмэдан мазэм къыфхуэдгъэкIуащ Iэныр - цIыхур гъузэгу пэжым зэрытетынур. Фэ фщыщу Рэмэдан мазэм нэсым, а мазэр кьинэщIын хуейщ»*** *(Бэкъэрэ сурэм и 185-нэ Iэятыр).*

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Ислъам диным къызэщIеубыдэ мы тхур: Уи псалъэхэм шэч къытумыхьэу жыпIэн: «ЛаилахьэIилэлахь Мухьэмэд расуллулахь»; нэмэзыр щIын; сэджытыр тын; рэмэдан мазэр нэщIын; хьэж щIын».

2. Рэмэдан мазэр къэзынэщIым Алыхьым и нэфIыр щыхуащ. Абы и щыхэтщ мы хьэдисыр: «ЦIыхум илажьа зы Iуэхугъуэфl\ым къыпэкIуэу Алыхьым абы хуитхынущ псалэу пщы. Языныкъуэхэм деж зы Iуэхугъуэфl\ым къыпэкIуэ псапэр 700-м нос».

Алыхьым жиIащ: ***«Iэдэм и быным илэжь псори зейр езыращ, нэщI закъуэм къищынэмыщIа. Нэщ1ыр зейр Сэращи, Сэ естыжынущ абы пэкIуэр».***

Мы Iэятым и мыхьэнэр мыращ: Сыт хуэдэ Iуэхугъуэфl\ цIыхум илажьми, зыхуилэжьыхьыр и щхьэрщи, абы къыпэкIуэ псапэр гъэбэгъуауэ Алыхьым хуитхынущ. Ауэ нэщI закъуэр цIыхум щIиIыгъыр Алыхьыращи, Тхьэм ебж а нэщIам и щIыхуэ Алыхьым тельу. Аращи, абы къыпэкIуэну псапэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ.

Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «РаянкIэ еджэу жэнэтым хэлъщ зы бжэ, адрейхэм емыщхьу. Ар зыхуэзIуахынр нэщI зыIыгъхэращ. Къемэт махуэм а бжэр зыхуэзIуахынур нэщIаращ я закъуэщ».

3. Псом хуэмыдэу лъэIур къабыл щыхъу мазэщ Рэмэданыр. А мазэм Алыхьым цIыхум хуещI гущIэгъуэшхуэ.

ЛIыкIуэм жиIащ: «Нэщ1 зыIыгъым къыпоплъэ гуфIэгъуэшхуитI: зыр щыхэщхьэжым деж, адрейр Алыхьым и пащхьэ щиувам и деж. Шэч хэмылъу, нэщI зыIыгъ цIыхум и жьэм къыжьэдих мэр Алыхьым дежкIэ нэхъыфIщ мэ гуакIуэу къиГэощIа псом нэхърэ».

Нэгъуэщ1 хьэдисым къыщыкIуащ: «Рэмэдан мазэр къыщихьа махуэм щегъэжьауэ ар иухьухкIэ шейтIанхэри жинхэри Iэпхъгъэпхыу щытынущ, жьихьэнмэм и бжэхэр псори зэхуащIынущ. Жэнэтым и бжэхэр псори зэIуахынущ». ЛъэIур къабыл зэрыхъумкIэ шэч къытримыхьэу, гум къыбгъэдэкIыу, и щыуагъэкIэ щIегъуэжауэ лъэIуэ цIыхум и гуэныхыр къыхуэгъэнущ а мазэ лъапIэм.

4. Нэщ1ыр Iиман зыбгъэдэлъымкIэ мэIущ. Нэщ1 зыIыгъым зыщихъумэн хуейщ нэщIыр къабыл щIэмыхъу щхьэусыгъуэ псоми. Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «Нэщ1ыр фэркIэ мэIущ. Нэщ1 зыIыгъыр къремыгубжь, и жьэм псалъэ фIей къыжьэдремыкI. Нэщ1 зыIыгъым зыгуэр къыпэщIуэвэми, «ЯIэлыхь, сэ сынэщIщ», жьыреи, жэуап иремытыж, шыIэныгъэ зыхрегъэлъ».

5. ИлъэсыкIи зэ къытхуэкIуэ Рэмэдан мазэмкIэ Алыхьыр къытхуэупсащ. Сыту жыпIэмэ, гуэныхыр къыщытхуагъэгъу, тобэр къабыл щыхъу мазэщ ар. Хьэдисым къыщыкIуащ: «Iиман щыпкъэ зыбгъэдэлъу нэщ1 зыIыгъыр, Тхьэм елъэIумэ, нэхъапэкIэ илэжьа гуэныхьхэр къыхуэгъунущ. Нэщ1 зыIыгъыр, тэрэуихь нэмэзыр зыщIым, псом хуэмыдэу КъэдэрI жэщ лъапIэр Алыхьым хуэпщылIу зыгъакIуэхэм, я гуэныхьыр къахуэгъэгъунущ».

6. «Рэмэданыр хьэлэщ», жиIэу къыщокIуэ щIэныгъэлIхэм я тхылъхэм. Нэщ1 мазэм къыпэкIуэ фIыгъуэ псори къызыгурыIуэ цIыхур хущIокъуэ нэхъыбэрэ псапэ зэрилэжьыным. Абы зыхещIэ тхьэмыщкIэхэм, къулейсызхэм ныбэкIэ ягъэвыр, абы ипкъ иткIэ, апхуэдэхэм зэрызащIигъэкъуэным нэхъ хущIокъуэ, мэжжщIалIэхэм, тхьэмыщкIэхэм нэхъ гулъытэ хуещI. КъищынэмыщIауэ, нэщI ис цIыхур хэзыгъэщхьэжми псапэ щхьэхуэ хуатх. Абы и щыхэтщ мы хьэдисыр: Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «Нэщ1 зыIыгъ цIыхур хэзыгъэщхьэжым и псапэри нэщIам ейм хуэдиз мэхъу».

7. Рэмэдан мазэм КъурIэн лъапIэр къытхуехащ. А мазэм нэхъыбэрэ КъурIэным еджэн хуейщ. Алыхьым жиIащ: ***«Шэх хэмылъу, Дэ ныфхуэдгъэкIуащ ар (КъурIэныр) Къдэр жэщым».***

Тхьэр арэзы зыхуэхъун ХьэIишэ жиIащ: «Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъыумбарыр Рэмэдан мазэм нэхъ лейуэ Тхьэм хуэпщылIырт. Псом хуэмыдэу Рэмэдан мазэм и иужьрей мазуипщIым».

ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Шэх хэмылъу, нэщIымрэ КъурIэнымрэ Къемэт махуэм цIыхум къащхьэщIжынущ. НэщIым жиIэнущ: «Си Тхьэ, мы Уи пщылIым нэщ1 иIыгъащ, хуит сыкъэщI сэ абы сыкъыщхьэщIжыну». КъурIэным жиIэнущ: «Си Тхьэ, мы уи пщылIыр еджащ уи Тхылъым (КъурIэным), хуит сыкъэщI сэ абы сыкъыщхьэщIжыну». Алыхьым къабыл ищIынущ абыхэм я лъэIур».

8. Зихуэдэ щымыIэ Къэдэр жэщ лъапIэу КъурIэныр къыщытхуехар зыхэтыр Рэмэдан мазэращ. А жэщыр нэхъ лъапIэщ жэщ мин нэхърэ. Алыхьым жиIащ: ***«Шэх хэмылъу, Дэ ныфхуедгъэхащ ар (КъурIэныр) Къдэр жэщым. Уэ сытым кьыуигъащIэрэ Къэдэр жэщыр зищIысыр?! Къэдэр жэщым и хъерыр нэхъыбэщ мазэ миным я хъерым нэхърэ. А жэщым мелыIыч псори, псэри щIылъэм щыIэщ. Апхуэдэу щытынущ нэху щыхуэ».***

Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «Фэ къыфхуэкIуащ зихуэдэ щымыIэ Рэмэдан мазэ лъапIэр. Абы хэтщ лъэIур къабыл щыхъу Къэдэр жэщ лъапIэр. А жэщыр блэзыгъэкIым куэд фIэкIуэдащ».

Аращи, Рэмэдан мазэри, абы хэт Къэдэр жэщ лъапIэри Алыхьым дыхуэпщылIу дгъакIуэмэ, ди насыпщ.

Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьуд и ужькIэ, Алыхьым цIыхубэм ЛIыкIуэу къахуигъэкIуат Сэлихь (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр).

Сэлихь къызыхуигъэкIуа гупым я псэупIэхэр яухуат жьыбгъэм зэтримыкъутэфын хуэдэу быдэу, Хьуд и жьIэм емыдэIуа гупыр жьыбгъэшхуэ къыкъуэуам ихьыжати. Ахэр бгъэнщIагъым зэрыщыпсэум, абы хэлъ бжэхэр зэрыхьэлъэм щхьэкIэ я гугъат жьыбгъи, псыи, зыри зэран къахуэмыхъуфыну. АрщхьэкIэ, Алыхьым и къарум пэлъэщын щыIэ?!

Шэч хэмылъу, Сэлихь къызыхуигъэкIуа гупым Алыхьыр къахуэупсат мылъкушхуэкIэ, абыхэм я куэдт бгыхэри, псыхъэхэри, къэкIыгъэхэри, псэущхьэкIэри.

Мылъкум зи щхьэр игъэунэза гупыр техьащ гъэзгу мыгъуэу нэхъапэм Хьуд и гупыр зытетам. Абыхэм ящыгъупщащ Алыхьыр икIи хуэпщылIу щIадзащ тхьэнэпцIэм. Апхуэдэу щыхъум, абыхэм Алыхьым яхуигъэкIуащ Сэлихь ЛIыкIуэр, Алыхьым и закъуэныгъэмрэ и арэзыщIынымрэ къыхуриджэнхэу. ЛIыкIуэм я къапэнкIэ игъэззащIащ ещ мэмыIэу. Алыхьым и закъуэныгъэм ахэр ЛIыкIуэм къыхуриджащ илъэс 70-кIэ. АрщхьэкIэ, абыхэм зыри зэхахыну хуеякъым, уеблэмэ, ЛIыкIуэр ячIыну мурад ящIащ. Апхуэдэу щыхъум, Сэлихь бы бгъэнщIагъ гуэрым дежкIэ защыщигъэпщкIуащ джаур бзаджащIэхэм. Ар абдеж щыжеящ илъэс 40-кIэ. Къэушыжу гупым щахьхьэжам, и къалэным адэкIи щыпищащ. ЛIыкIуэм къагъэсэбэпурэ, мэжджытыр ирамыгъэкъутэу зэтраIыгъэн яхуэзфIэкIащ. Ар зэрахъумам и фIыгъэ хэлъу яхуэтэж а зэманым ухуажэ Советым и унафэщIу щыта ЛIуп Марие.

Зи гугъу сщIы мэжджытыр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжауэ нобэмиИслъэмейм щолажьэ, уеблэмэ, сабийхэр щрагъаджэ мыдрисри къыгущIыхьащ. Абы нэмыщI, иджыри мэжджытитI дащIыхьащ ди къуажэм. Бжьахъуэкъуей жэмыхьэтым - Пыхь Мухьэмэдин, Исльэмейм - Къундет Сафудин, Альэсчырейм - Мамхэгъ Iэхьед ефэндыуэ хахащ, дагъэнэшэу я къалэнр зэрахьэ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

ЛIыкIуэхэм я гъащIэр

(ГъэкIэщIауэ)

цIыхухэр Алыхьым и закъуэныгъэм къыхуриджэхукIэ, бзаджащIэхэр зыхуэпщылI тхьэнэпцIхэм ящыщ зы кьутэрт. Алыхьыр зэрыгубжьам ипкъ иткIэ, а гупым я бзылъхугъэхэри мылъхуэж хъуащ, уеблэмэ, къэкIыгъэхэри щымыIэж хъуащ. А псори я нэгу щIэкI пэтми, джаурхэм Iиман къахьыртэкъым.

ИкIэм-икIэжьм, абыхэм ЛIыкIуэм жраIащ: «Уэ жыпIэр пэжу щытмэ, Алыхьым фIэкIа нэгъуэщI тхъэ щымыIэмэ, дэри Iиман къэтхъыну ухуеймэ, уи Алыхьым мо мывэ кьыым махъшэбэ къыхегъэщIыкIыф, и шырыр и гъсэу». ЛIыкIуэм абыхэм жэуапу яритащ: «АтIэ, фэри фымыкI, лей евмых Алыхьым къыфхуигъэщIыну махъшэм». «Хьунщ, дыэзгурыIуащ», - жаIэри, ЛIыкIуэмрэ джаурхэмрэ зэращIылIащ зэгурыIуэнхъэ.

ЛIыкIуэ лъапIэм нэмэз рэкхьэтитI ищIу, Алыхьышхуэм елъэIуа нэужь, Алыхь Iэмыркlэ, Iэдэм бегъымбарым иIыгъа башыр кьищтэри, абыкIэ еуащ мывэ кьырым. Алыхьым и кьарур бгъэщIагъэ хъунукъым, мывэ кьырым кьыхэкIащ махъшэбэ, и шырыр щыгъуу. Махъшэм и жьэм кьыжьэдэкIащ «Алыхьым фIэкIа тхъэ щыIэкъым, Сэлихь Абы и ЛIыкIуэу аращ» псалъэхэр.

Ар зи нэгу щIэкIа джаур гупым я пщыр къэтэджри, Сэлихь ЛIыкIуэм и щхьэм ба хуищIащ, Iиман щыпкъэ къызэрихьари жиIащ. Мис апхуэдэу абыхэм ящыщ куэдым Iиман къахьащ.

Махъшэбзымрэ и шырымрэ махуэ псом хъуакIуэрти, Сэлихь и мэжджытыр эыдэт къуажэм къыдыхьэжырт пщыхьэщхьэм. Ар къуажэм къыщыдыхьэжкIэ, къэуфыIэурэ, унагъуэ кьэс абы и шэр кьыщIашырт. Абдеж абыхэм къащыгурыIуащ Алыхьым и нэлатым фIэкIыпIэ зэримыIэр, арщхьэкIэ, Iиман къахьыным и пIэкIэ мурад ящIащ мылIэ щыкIэ Сэлихь яукIыну. ЛIыкIуэмрэ Iиман къэзыхьахэмрэ Палестинэм кIуэхэри, джаурхэм я мурадыр кьемыхъулIэу кьэнащ.

Еплъанэ махуэр кьыщысам, джаурхэр щым быдэу зэхэт, къэхъунум пэплъэу, шынэу, «дэнэкIэ къикIыну пIэрэ ажалыр» жаIэу.

Ипэкlэ зэи щымыIауэ, зэуэ Iейуэ зэщIэгъуэгъуащ уафэр. Уафэм и гъуэгуэкIэр апхуэдизкIэ шынагъуэт, гузэвэгъуэти, джаур гупыр щтэри, а дакъикъэм ягуэр зэгуэудащ. Псэуэ зыри кьэнакъым. Мис аращ я кIуэдыжьыкIэ хъуар Сэлихь ЛIыкIуэр къызыхигъэкIуа гупу Iиман къэзымыхьахэм.

Islъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ.

● Уаз

Рэмэдан мазэр къоблагъэ

Муслъымэн псоми ди зэхуэдэ мазэ лъапIэ Рэмэданыр къоблагъэ. КъищынэмыщIауэ, гуэныхыр щытхуагъэгъу Бэрэ1эт жэщ лъапIэри гъунэгъущ. Ар мэлыжьыхьым и 7-м тохуэ.

Сыт бэрэ1эт жэщыр зи щIысыр?

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэр арэзы зыхуэхъуам) и хьэдисым къыщыкIуащ: «Шэхьбан мазэм и кум щыIэ бэрэ1эт жэщыр вгъакIуэ Алыхьым фыхуэпщылIу, махуэм нэщI фIыгъ. Дыгъэр щыкъухьэжым щегъэжьауэ, а жэщ лъапIэр икIыукIэ Тхьэм и гущIэгъур зэпыунукъым. А жэщым Алыхьым жиIэнущ: «Къыфхэт фэ тобэ къэзыхьыхь? Сэ абы и тобэр къабыл сщIынущ. Къыфхэт лъапIэ? И лъэIур хуэсщIэнущ. Къыфхэт сымаджэ? И узыр щхьэщысхынущ». Мис апхуэдэу щытынущ нэху щыхуэ».

НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ: Мухьэмэд бегъыумбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Шэхьбан мазэм и кум Алыхьыр хоплъэ цIыхухэм я Iуэху зыIутым. Псоми я гуэныхьыр яхуегъэгъу, тхьэнэпцIэм яхуэпщылIхэмрэ зымыгъэгъуэхэмрэ къищынэмыщIа».

Аращи, а жэщ лъапIэр Тхьэм дыхуэпщылIу дгъакIуэмэ, ди насыпщ. Дигуми ди псэми къабгъэдэкIыу Алыхьым дельэIумэ, дыхуэпщылIмэ, ди лъэIур къабыл зэрыхъунум шэч хэлъкъым.

Зыхуэдэ щымыIэ Рэмэдан мазэр

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, мы гъэм нэщI дохьэ мэлыжьыхьым (апрелым) и 24-м. ЗэхъуэкIыныгъэ гуэр иIэ хъумэ, хъыбар фэдгъэщIэнщ.

Рэмэдан мазэм и фIыгъуэшхуэхэм ящыщу 8-р

1. Алыхьым къуитрилъхьа фарзитхум ящыщ зыщ Рэмэдан мазэм нэщIныр.

Алыхьым и псалъэу КъурIэным къыщыкIуащ: ***«Рэмэдан мазэм къыфхуэдгъэкIуащ Iэныр - цIыхур гъузэгу пэжым зэрытетынур. Фэ фщыщу Рэмэдан мазэм нэсым, а мазэр кьинэщIын хуейщ»*** *(Бэкъэрэ сурэм и 185-нэ Iэятыр).*

ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Ислъам диным къызэщIеубыдэ мы тхур: Уи псалъэхэм шэч къытумыхьэу жыпIэн: «ЛаилахьэIилэлахь Мухьэмэд расуллулахь»; нэмэзыр щIын; сэджытыр тын; рэмэдан мазэр нэщIын; хьэж щIын».

2. Рэмэдан мазэр къэзынэщIым Алыхьым и нэфIыр щыхуащ. Абы и щыхэтщ мы хьэдисыр: «ЦIыхум илажьа зы Iуэхугъуэфl\ым къыпэкIуэу Алыхьым абы хуитхынущ псалэу пщы. Язныкъуэхэм деж зы Iуэхугъуэфl\ым къыпэкIуэ псапэр 700-м нос».

Алыхьым жиIащ: ***«Iэдэм и быным илэжь псори зейр езыращ, нэщI закъуэм къищынэмыщIа. Нэщ1ыр зейр Сэращи, Сэ естыжынущ абы пэкIуэр».***

Мы Iэятым и мыхьэнэр мыращ: Сыт хуэдэ Iуэхугъуэфl\ цIыхум илажьми, зыхуилэжьыхьыр и щхьэрщи, абы къыпэкIуэ псапэр гъэбэгъуауэ Алыхьым хуитхынущ. Ауэ нэщI закъуэр цIыхум щIиIыгъыр Алыхьыращи, Тхьэм ебж а нэщIам и щIыхуэ Алыхьым тельу. Аращи, абы къыпэкIуэну псапэр псалъэ къудейкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ.

Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Раянкlэ еджэу жэнэтым хэлъщ зы бжэ, адрейхэм емыщхьу. Ар зыхуэзIуахынр нэщI зыIыгъхэращ. Къемэт махуэм а бжэр зыхуэзIуахынур нэщIаращ я закъуэщ».

3. Псом хуэмыдэу лъэIур къабыл щыхъу мазэщ Рэмэданыр. А мазэм Алыхьым цIыхум хуещI гущIэгъуэшхуэ.

ЛIыкIуэм жиIащ: «Нэщ1 зыIыгъым къыпоплъэ гуфIэгъуэшхуитI: зыр щыхэщхьэжым деж, адрейр Алыхьым и пащхьэ щиувам и деж. Шэх хэмылъу, нэщI зыIыгъ цIыхум и жьэм къыжьэдих мэр Алыхьым дежкIэ нэхъыфIщ мэ гуакIуэу къиГэощIа псом нэхърэ».

НэгъуэщI хьэдисым къыщыкIуащ: «Рэмэдан мазэр къыщихьа махуэм щегъэжьауэ ар иухьухкIэ шейтIанхэри жинхэри Iэпхъгъэпхыу щытынущ, жьихьэнмэм и бжэхэр псори зэхуащIынущ. Жэнэтым и бжэхэр псори зэIуахынущ». ЛъэIур къабыл зэрыхъумкIэ шэч къытримыхьэу, гум къыбгъэдэкIыу, и щыуагъэкIэ щIегъуэжауэ лъэIуэ цIыхум и гуэныхыр къыхуэгъэнущ а мазэ лъапIэм.

4. Нэщ1ыр Iиман зыбгъэдэлъымкIэ мэIущ. Нэщ1 зыIыгъым зыщихъумэн хуейщ нэщIыр къабыл щIэмыхъу щхьэусыгъуэ псоми. Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «НэщIыр фэркIэ мэIущ. Нэщ1 зыIыгъыр кьремыгубжь, и жьэм псалъэ фIей къыжьэдремыкI. Нэщ1 зыIыгъым зыгуэр къыпэщIуэвэми, «ЯIэлыхь, сэ сынэщIщ», жьыреи, жэуап иремытыж, шыIэныгъэ зыхрегъэлъ».

5. ИлъэсыкIи зэ къытхуэкIуэ Рэмэдан мазэмкIэ Алыхьыр къытхуэупсащ. Сыту жыпIэмэ, гуэныхьыр къыщытхуагъэгъу, тобэр къабыл щыхъу мазэщ ар. Хьэдисым къыщыкIуащ: «Iиман щыпкъэ зыбгъэдэлъу нэщ1 зыIыгъыр, Тхьэм елъэIумэ, нэхъапэкIэ илэжьа гуэныхьхэр къыхуэгъунущ. Нэщ1 зыIыгъыр, тэрэуихь нэмэзыр зыщIым, псом хуэмыдэу КъэдэрI жэщ лъапIэр Алыхьым хуэпщылIу зыгъакIуэхэм, я гуэныхьыр къахуэгъэгъунущ».

6. «Рэмэданыр хьэлэщ», жиIэу къыщокIуэ щIэныгъэлIхэм я тхылъхэм. Нэщ1 мазэм къыпэкIуэ фIыгъуэ псори къызыгурыIуэ цIыхур хущIокъуэ нэхъыбэрэ псапэ зэрилэжьыным. Абы зыхещIэ тхьэмыщкIэхэм, къулейсызхэм ныбэкIэ ягъэвыр, абы ипкъ иткIэ, апхуэдэхэм зэрызащIигъэкъуэным нэхъ хущIокъуэ, мэжжщIалIэхэм, тхьэмыщкIэхэм нэхъ гулъытэ хуещI. КъищынэмыщIауэ, нэщI ис цIыхур хэзыгъэщхьэжми псапэ щхьэхуэ хуатх. Абы и щыхэтщ мы хьэдисыр: Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «Нэщ1 зыIыгъ цIыхур хэзыгъэщхьэжым и псапэри нэщIам ейм хуэдиз мэхъу».

7. Рэмэдан мазэм КъурIэн лъапIэр къытхуехащ. А мазэм нэхъыбэрэ КъурIэным еджэн хуейщ. Алыхьым жиIащ: ***«Шэх хэмылъу, Дэ ныфхуэдгъэкIуащ ар (КъурIэныр) Къдэр жэщым».***

Тхьэр арэзы зыхуэхъун ХьэIишэ жиIащ: «Тхьэм и нэфIыр зыщыхуа Мухьэмэд бегъыумбарыр Рэмэдан мазэм нэхъ лейуэ Тхьэм хуэпщылIырт. Псом хуэмыдэу Рэмэдан мазэм и иужьрей мазуипщIым».

ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Шэх хэмылъу, нэщIымрэ КъурIэнымрэ Къемэт махуэм цIыхум къащхьэщIжынущ. НэщIым жиIэнущ: «Си Тхьэ, мы Уи пщылIым нэщ1 иIыгъащ, хуит сыкъэщI сэ абы сыкъыщхьэщIжыну». КъурIэным жиIэнущ: «Си Тхьэ, мы уи пщылIыр еджащ уи Тхылъым (КъурIэным), хуит сыкъэщI сэ абы сыкъыщхьэщIжыну». Алыхьым къабыл ищIынущ абыхэм я лъэIур».

8. Зихуэдэ щымыIэ Къэдэр жэщ лъапIэу КъурIэныр къыщытхуехар зыхэтыр Рэмэдан мазэращ. А жэщыр нэхъ лъапIэщ жэщ мин нэхърэ. Алыхьым жиIащ: ***«Шэх хэмылъу, Дэ ныфхуедгъэхащ ар (КъурIэныр) Къдэр жэщым. Уэ сытым кьыуигъащIэрэ Къэдэр жэщыр зищIысыр?! Къэдэр жэщым и хъерыр нэхъыбэщ мазэ миным я хъерым нэхърэ. А жэщым мелыIыч псори, псэри щIылъэм щыIэщ. Апхуэдэу щытынущ нэху щыхуэ».***

Тхьэр арэзы зыхуэхъуа ЛIыкIуэм жиIащ: «Фэ къыфхуэкIуащ зихуэдэ щымыIэ Рэмэдан мазэ лъапIэр. Абы хэтщ лъэIур къабыл щыхъу Къэдэр жэщ лъапIэр. А жэщыр блэзыгъэкIым куэд фIэкIуэдащ».

Аращи, Рэмэдан мазэри, абы хэт Къэдэр жэщ лъапIэри Алыхьым дыхуэпщылIу дгъакIуэмэ, ди насыпщ.

Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьуд и ужькIэ, Алыхьым цIыхубэм ЛIыкIуэу къахуигъэкIуат Сэлихь (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр).

Сэлихь къызыхуигъэкIуа гупым я псэупIэхэр яухуат жьыбгъэм зэтримыкъутэфын хуэдэу быдэу, Хьуд и жьIэм емыдэIуа гупыр жьыбгъэшхуэ къыкъуэуам ихьыжати. Ахэр бгъэнщIагъым зэрыщыпсэум, абы хэлъ бжэхэр зэрыхьэлъэм щхьэкIэ я гугъат жьыбгъи, псыи, зыри зэран къахуэмыхъуфыну. АрщхьэкIэ, Алыхьым и къарум пэлъэщын щыIэ?!

Шэх хэмылъу, Сэлихь къызыхуигъэкIуа гупым Алыхьыр къахуэупсат мылъкушхуэкIэ, абыхэм я куэдт бгыхэри, псыхъэхэри, къэкIыгъэхэри, псэущхьэкIэри.

Мылъкум зи щхьэр игъэунэза гупыр техьащ гъэзгу мыгъуэу нэхъапэм Хьуд и гупыр зытетам. Абыхэм ящыгъупщащ Алыхьыр икIи хуэпщылIу щIадзащ тхьэнэпцIэм. Апхуэдэу щыхъум, абыхэм Алыхьым яхуигъэкIуащ Сэлихь ЛIыкIуэр, Алыхьым и закъуэныгъэмрэ и арэзыщIынымрэ къыхуриджэнхэу. ЛIыкIуэм я къапэнкIэ игъэззащIащ ещ мэмыIэу. Алыхьым и закъуэныгъэм ахэр ЛIыкIуэм къыхуриджащ илъэс 70-кIэ. АрщхьэкIэ, абыхэм зыри зэхахыну хуеякъым, уеблэмэ, ЛIыкIуэр ячIыну мурад ящIащ. Апхуэдэу щыхъум, Сэлихь бы бгъэнщIагъ гуэрым дежкIэ защыщигъэпщкIуащ джаур бзаджащIэхэм. Ар абдеж щыжеящ илъэс 40-кIэ. Къэушыжу гупым щахьхьэжам, и къалэным адэкIи щыпищащ. ЛIыкIуэм къагъэсэбэпурэ, мэжджытыр ирамыгъэкъутэу зэтраIыгъэн яхуэзфIэкIащ. Ар зэрахъумам и фIыгъэ хэлъу яхуэтэж а зэманым ухуажэ Советым и унафэщIу щыта ЛIуп Марие.

Зи гугъу сщIы мэжджытыр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжауэ нобэмиИслъэмейм щолажьэ, уеблэмэ, сабийхэр щрагъаджэ мыдрисри къыгущIыхьащ. Абы нэмыщI, иджыри мэжджытитI дащIыхьащ ди къуажэм. Бжьахъуэкъуей жэмыхьэтым - Пыхь Мухьэмэдин, Исльэмейм - Къундет Сафудин, Альэсчырейм - Мамхэгъ Iэхьед ефэндыуэ хахащ, дагъэнэшэу я къалэнр зэрахьэ.

КЪАРДЭН Мухьэмэд.

Куэдым къела унэ лъапIэ

Хъыбарышхуэ иIэщ Бахъсэн щIыналъэм хиубыдэИслъэмей къуажэм 1910 гъэм дащIыхьауэ щыта, цIыху щитIым нэбгырэ зыщIэхуэ мэжджытым. Кавказ Ищхьэрэм мэжджыт япэу дащIыхьар араш. Ар иригъащIауэ щытащ а къуажэм щыпсэуа Бещтокъуэ Iэсхьэд.

МЫ КЪУАЖЭМ дэсащ Iэсхьэд хуэдэу Алыхьым псэ хъэлэлу хуэлэжьа цIыху куэд: Пъэкъуэщо ХьэцIыкIу, Шыгъэлыгъуэ Хьэчим, Кьардэн Чэрим, Кьылъшыкъуэ Iэлисэхь, Шэшэн Хьузер, Пыхь Къасым, Бэрэздж Мыхьмуд, Мэремыкъуэ Iэлисэхь, ХьэцIыкIу Машэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

1937 гъэм диныпрылажьэхэр лъэужьыншэу ягъэкIуэду, мэжджытхэр щIым щыц ящIу щIадзащ.

ИщхьэкIэ къезбжэкIахэм ящыщу Кьардэн Чэрим къыщалъхуар Псыхъурей къуажэрат. Абы и унэм щыц зы пэш хихауэ, сабийхэр ислъам диным щыхуригъаджэрт. А зэманым ар шэ къуэжэти, ди адэр дашри, Сыбыр щагъэтIысащ. Ауэ щыхъукIи и суди ящIакъым, илъэс 15-кIи щысащ.

Ди насыпт кьрихьэкIри, ди адэр псэуу къытхьихьэжащ. А лъэпощхьэпо псоми къигъэдэхахкъым ар, гугъуехь псори IэщIыб ищIурэ, исльам диныр зэрихьащ, щIыхубэр къыхуриджащ Алыхьым и гъэгум. Ауэрэ зэманыр къуитIэурэ, мэжджыт Iэхъур аргуэру кьаIэтащ, ар зэхуащIыну унафэ ящIащ. Унафэр унафэт, къэралым упэщIэуэ-вэкIэ зыри пхуэщIэнутэкъыми, ар ягъэзэщIащ.

КъызэраIуэтэжымкIэ, а мэжджытыр зэм гъавэ хъумапIэу, зэми клуб ящIурэ къэгъуэгурыкIуащ. Дапхуэдэу ямыщIами, Iэмал псори къагъэсэбэпурэ, мэжджытыр ирамыгъэкъутэу зэтраIыгъэн яхуэзфIэкIащ. Ар зэрахъумам и фIыгъэ хэлъу яхуэтэж а зэманым ухуажэ Советым и унафэщIу щыта ЛIуп Марие.

Зи гугъу сщIы мэжджытыр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжауэ нобэмиИслъэмейм щолажьэ, уеблэмэ, сабийхэр щрагъаджэ мыдрисри къыгущIыхьащ. Абы нэмыщI, иджыри мэжджытитI дащIыхьащ ди къуажэм. Бжьахъуэкъуей жэмыхьэтым - Пыхь Мухьэмэдин, Исльэмейм - Къундет Сафудин, Альэсчырейм - Мамхэгъ Iэхьед ефэндыуэ хахащ, дагъэнэшэу я къалэнр зэрахьэ.

Ипэкlэ зэи щымыIауэ, зэуэ Iейуэ зэщIэгъуэгъуащ уафэр. Уафэм и гъуэгуэкIэр апхуэдизкIэ шынагъуэт, гузэвэгъуэти, джаур гупыр щтэри, а дакъикъэм ягуэр зэгуэудащ. Псэуэ зыри кьэнакъым. Мис аращ я кIуэдыжьыкIэ хъуар Сэлихь ЛIыкIуэр къызыхигъэкIуа гупу Iиман къэзымыхьахэм.

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Тхьэмбылыфэу зэщIоблэ

Ираным и къалэ Шираз дэт «Насир ал-Мулк» мэжджытышхуэр 1888 гъэм яухуащ. Ар адрей мэжджытхэм къащхьэщокI и кIуэцIыр мывэ зэмыфэгъуэхэмкIэ къызэрыращIыкIамкIэ. Абы «Мэжджыт тхьэмбылыфэкIэ» йоджэ. Дыгъэ къыщепсым деж мэжджытым и кIуэцIыр тхьэмбылыфэу зэщIоблэ, и теплъэ гъэзэджэр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэным хуэдизщ.

Мэжджытыр яухуащ илъэсипщIым къриубыдэу. Ар апхуэдизу ин дыдэкъым, ауэ нэхъ д

Мамрэш Светланэ и ехъулІэныгъэхэр

● Гъэзджэ

Театрым щоджэгу.

Урыс пащтыхь гуащэ Марие (Идар Гуащэнэ) и ролыр фильмым щегъэзащІэ.

2019 гъэм Урысей телевиденэм и Ялп каналым иригъэкІуэкІа «Макъ» («Голос») зэпеуэм Къэбардей-Балъкъэрым щыщу ныбжьыщІитІ хэтащ: Бэрбэч Аскэрэ Мамрэш Светланэрэ. Нобэ нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцІыхуну ди мурадщ ялп увыпІэм нэмыса щхьэкІэ, и ЭщІагъэм Іэзагъ къызэрымыкІуэ къыщызыгъэлъагъуэ Мамрэш Светланэ.

АДЫГЭ пщащэр 1988 гъэм Нартхьалэ къыщалъхуащ, абы дэт езанэ курыт еджапІэр дыщэ медалькІэ къыухащ. Мамрэшыжь зэрыжИэжымкІэ, ЩэнхабзэмкІэ унэм щылажьэ Сапрыкинэ Галинэ дежщ абы театрым хуищІа лъагъуныгъэр къыщежьар.

Курыт еджапІэм къыщІэкІа нэужь, хъыджэбзыр Москва дэт къэрал университетым журналистикэмкІэ и факультетым щІэтІысхьэну хуожьэ, ауэ къЬэхутІэрыкъым. Зэрылажьэм хуэдэурэ, фІыуэ зегъэхьэзырри, Светланэ етІуанэ илъэсым Щепкин Михаил и цІэр зезыхьэ театр училищэ нэхъыщхьэм и студент мэхъу. Абы илъэситкІэ щеджэуэ, пщащэм къещІэ пщІэшхуэ зиІэ режиссёр ехьэжьахэм хабжэ Серебренников Кирилл Мэзкуу дэт Художественнэ театрым (МХАТ) пыщІа студием гупыщІэ зэрыщІигъэтІысхьэр. А зэманыр игу къыщигъэкІыжкІэ, Мамрэшым жеІэж: «Серебренниковыр къызэрыслъагъуу, ар гупсысэкІэкІи, дуней тетыкІэкІи сэ зэрызэщхьыр, сыдэмылажьэу зэрымыхъунур къызгурыІуат». Псалъэ дахэхэр и гъэсэн хъыджэбзым къыхужиІащ езы режиссёрми: «Светланэ ди еджапІэм къыщІэтІысхьэн щхьэкІэ къарушхуэ тригъэкІуадэри, зы щІыхур щІыху 250-м щыпсуэ зэхьэзэхуэшхуэм къыпхыкІащ. Ар екъулІэныгъэшхуэщ. Абы къыфІэкІри, еджэныгъэм пыща гугъуехь псори ишэчащ, къатехьэлъэу, пэмыльэщу хьІфІэзыдзэжа куэд къаззрыхэкІам хуэдэу. ИужькІэ «Гоголь-Центрыр» къыщыщэдгъэпэщми, абы щылажьэ «Студие еблэнэм» щыджагунэр къыщыхэтхми, ди пщІыхьэпІи къыхэхуакъым абы Мамрэшыр щымылэжьэну. «Сэтэ хэмыту хъунукъым! Сэтэ роль нэхъыщхьэ псори егъэзащІэ! Абы лъэщу уэрэд жеІэ! Мамрэшым и сценэ итыкІэр-щэ! Ар тхьэлухудщ, Іущыщэщ!» - апхуэдэут дызэрегупсысыр. ИкъукІэ сфІэфІщ хъыджэбзым къызыхэкІа лъэпкъыр къыпкърыщу зэрыщытри. Сэ сыт щыгъуи сыщІэхъуэпсырт ди театрым Урысейм ис лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщхэр щызгъэщэгну. Светэ еэым иджыри ищІэркъым щыджэгуну къыхихухэну псор. Сэ къызэрысфІэщІымкІэ, абы роль гъэщІэгъуэн куэд къыпоплъэ. Хъыджэбзым дунейм хузэнэсей хущІэкъуныгъэ, гукъыдэж дахэ бгъэдэлъщ, сыт щыгъуи къызэрымыкІуэ, узыпэмыплъа, ямылъэгъуа гуэр утыку къызэрырихьэнчи ирихулІэу».

Мамрэш Светланэ интервью щІэщыгъуэ дыдэ дригъэкІуэкІауэ щытащ «Адыгэхэр» фондым и журналист Къэжэр Ланэ. ЩІэупщІэри жэуап зытри зэхуэфащэ дыдэу щызэрихьэлІа а зэпсэльэныгъэм Іупщ1у щыболъагъу хъыджэбзыр и фІэщу дунейм зэрыстетыр.

- Адыгэ пщащэм сыт хуэдэ хьэлэхэр хэлъын хуейуэ къэплъытэрэ?

- Хъыджэбз Іэсэу си нэгум щІэтщ адыгэ пщащэр. ЗэпІэззэрыту, щыІэныгъэ хэлъу, гу къабзэу, хуабагъ къыпкърыкІыу. И Іэпэжэм дыщэ къыпыщу, сытми, Іэкіэ куэд ищІэфу. Къэзыхъуреихь щІыхуэр, псом япэрауэ, и щхьэгъусэр, псалъэкІэ иунэтІыфу, фІым и гур хуиІэту, сабийкэр фІыуэ илъагъуу. Ар бзылъхугъэ Іущщ, анэфІщ. Мыхьэнэшхуэ иІэуи къысщохъу лэжьэкІэ ищІэу, Іэхъуи хуэІэижьу щытыным.

- Адыгэ гупсысэкІэми, кавказ гъэсэныгъэми артист Іэщіагъэм утригъэгушхуащэу щытхъым, псом хуэмыдэу, уцІыхубзмэ. Уэ зыгуэркІэ уэзныкъуэжьыжьыр хуей хъуа, дауэ къохъулІа а лъэныкъуэр?

- Ар узыхуэлажьэ Іэхуи елъытащ. Уи щэнхабзэм, уи дуней тетыкІэм, уи лъабжьэхэм, уи фІэщ хъум Іэхъу зепхьэр пэщІэмыувэу, уеблэмэ, ахэр нэхъри иригъэфІакІуэмэ, сыт щІэмыхъунур? Сэ си Іэщіагъэм узэщІыныгъэ хъару хьзолъагъуэ. ЦІыхум тхьілъ къищтэу кьемыджэфынкІи хъунщ. Ауэ спектаклым е концертым къакІуэмэ, хущхъуэ ефам, и лъым зыгуэр хаутхам ешхы, зэхихьар заншІэу пкърохьэ. ГуэзрыдзэкІэ еплъ щыІэ щытми, Іэхъум пэжу убгъэдэтмэ, сэ си Іэщіагъэр уасэ зиІэ Іэщіагъэ махуэщ.

- Унафэ псори пІэщІэлъу, сытми ухуиту щытамэ, сыт щыпхъуэжьынт адыгэ цІыхубзм я псуэкІэм?

- Псори дызэгухьэжыну сыхуейт. Зы щІыпІэм зэгъуэсу дыщыпсэну. Мис апхуэдэу дуней жэнэт цІыкІу духуаеу. Унэ лъапсэм щызэкІуэ къалэнэхэр щыдгъэзащІэу. Сэ си сабиигъуэм пыща гукъэкІыж Іэрфіхэр сиІэщ. Си анэшхуэр Псынабэ щыщщ, Архэстхэ япхъущ. ГъащІэр абы цІыхухэр зэрыщыпсэум хуэдэу щытын хуейуэ согупсыс: я зэхущытыкІэкІи, зым адрейм пщІэ зэрыхуищІымкІи, я лэжьакІэкІи. Дунейм и дахагъыр, жьыуэ къызэрытэджхэр, жэм зэрызэрахуэр... А зэманым къигъэзэжыну сыхуейт.

Дэ ди лъабжьэхэр апхуэдэу упъэмыІэсыжыну жьжьэ щыІэкъым. Лъэпкъым и уасэр тфІэкІуэдакъым. СыкъызыхэкІам и напэ тесх зэрымыхъунур, сыдэкІуэмэ, сызыхьхьэ лъэпкъым къыпысщэн зэрыхуейр... Дэ ахэр псори тхъумэфащ. Ахэр гъунэгъубзэщ. Си ныбжьэгъухэм а къаруушхуэм щыщ зы налъи ябгъэдэлъкъым. ЗэпэІэщІэу щытхэщ, зэблагъэ дэнэ къана, зэІыхьлыхэр зэкІэлъыкІуэркъым. Дэ ар дохъумэ. ЗыгуэркІэ уи щхьэ уебакъэу хуэдэу мэхъу, ауэ уи псор къурмэн зэрыпщІыкфым хуитныгъэ нэс кхыхокІыкІ. Нэхъыжьхэр зэрыбгъэлъапІэр, псалъэм папщІэ. Абы лъагъуныгъэ пэж жьыхуаІэр къыуегъащІэ.

- Уэ уигу пфІэзыгъэкІуэдын щхьэусыгъуэ зыри щыІэ къыщІэныкъым, сытым дежи фІым уцыгугъыу фэ ятепщ.

- Си Іэхуэхэр щызэхэзэрыхьым дежи, сигукІэ сыхъарзынщэ сыт щыгъуи. Сызэримызакъуэр зыхьзощІэ. Си закъуэу фэ стет щхьэкІэ, си закъуэкъым.

- А фІэщхъуныгъэр унагъуэра къозытар?

- СызыуэщІын щІэныгъэ сызэрыщІыкІуэр къэслъыхъуэу сыщытщ. Ар дэтхэнэ псэри зыхуэныкъуэ Іуэхущ. Адэ-анэр зэригъэзавэр къызгуроІуэ, зыщІыпІэкІэ ирихьэкІыІуэну пІэрэ жаІэу, я фІэщу мэгузавэ. ТхьэхуэпщылыІкІэ гуэрым сыщІохуэпс. Нэмэзым, псалъэм папщІэ. Илъэс 13 сыщыхъум мэжджытым сыкІуэурэ зезгъэсауэ щытащ. Уэытетым тет цІыхухэм я гъусэу ар зэбгъэщІэнымкІэ щытхэ и Іэщ. Иджыпсту псори мэщынэ, зэманыр апхуэдэу хуэщи. ИтІани, дин лэжьыгъэ гуэр умыгъэзащІэу къунчъкъым.

ДЫЗЭРЫТ зэманым Мамрэш Светланэ Гоголь Николай и цІэр зэрихьэу Мэзкуу дэта театрыщхэм, иджы «Голубой Огонек» зыфІащыжьам, щолажьэ. Спектаклхэ, фильмхэм щоджэгу. Ар хэтащ, псалъэм папщІэ, «Грозный Иван» зи фІэщыгъэ киносериалым, Идар Марие - Гуащэнэ и ролыр игъэзащІэу. Иджы дыдэ къытІэрыхьа хъыбарщ Мамрэш Светланэ Мэшбащэ Исхьэкъ итха «Аиссе» романымкІэ ягъэув фильмым роль нэхъыщхьэр щигъэзащІэну къызэрыхахар.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Налшык къалэм щыпсэу Къурашэ (Пщыгъуэтыж) Атмесэ Хьэсэн и пхъур илъэс бжыгъэ дахэ ирокъу

Ди псэм хуэдэу фІыуэ тлъагъу, пщІэ зыхуэтщІ анэ гумащІэм, анэшхуэ Іущабэм, быныр зыгъэгушхуэм, щІэблэр зыущІим ныбжь дахэ уогъэлъапІэри, уи мазхуэшхуэмкІэ дынохъуэхъу! Уи гъащІэр кІыхьу, уи щІыхьыр ину, уи лъабжьэр быдэу, уузыншэу, уи гум илъым уи лъэр лъэІэсу, дунейр пфІэдахэрэ дэрэжгъуэр уи куэду, уи щхьэгъусэр къыпкъуэту, уи бынхэм я насыпым уи гур дыхэхъуэу, абыхэм я щІэблэм уагъэгуфІэу, уи нэгум кърих нурыр мыкІуэщІу, уи пщІэр лъагэрэ дыбдэгушхуэу гъащІэм гу щыпхуэну ди гуапэщи, дунейм куэдрэ Тхьэм утригъэт.

Щоджэнхэ я унагъуэр.
Джэрмэншык къуажэ

● Хъуэхъу

● КъБР-м щыІэ МВД-м къет

Дыгъуакіуэхэм заумысыж

Бахъсэн, Прохладнэ районхэм я полицейхэм къыщІагъэщащ сом мин 200-м нэблагъэ хэщІыныгъэ къызрикІуа щІэпхъаджагъитІыр.

ГЪАТХЭПЭМ и 14-м Урысейм и МВД-м и «Бахъсэн» къудамэм зыхуиГъэзащ илъэс 45-рэ зи ныбжь, Дыгулыбгуеят къуажэм щыпсэу цІыхубзым. ЩхьэусыгъуэР - и унэм щыщхэкІэр зэрыщІадыгъэкІарт.

Полицейхэм зэрауб-зыхуамкІэ, бысымыр унэм щыщІэмыса гъатхэпэм и 3 - 9-хэм бзаджащІэр пэшым щІыхьэри, къыщидигъуІакІащ сом 177 260-рэ и уасэ дыщэхэкІ.

Уголовнэ къэлъхьхъуэныгъэмкІэ къудамэм и лэжьакІуэхэм псынщІэу къыщІагъэщащ щІэпхъаджагъэр илъэйуэ щэч зыхуащІыр. Ар нэхъапэмэ зэрыдыгъуам къыхэкІыу пІэрэ жаІэу, я фІэщу мэгузавэ. ТхьэхуэпщылыІкІэ гуэрым сыщІохуэпс. Нэмэзым, псалъэм папщІэ. Илъэс 13 сыщыхъум мэжджытым сыкІуэурэ зезгъэсауэ щытащ. Уэытетым тет цІыхухэм я гъусэу ар зэбгъэщІэнымкІэ щытхэ и Іэщ. Иджыпсту псори мэщынэ, зэманыр апхуэдэу хуэщи. ИтІани, дин лэжьыгъэ гуэр умыгъэзащІэу къунчъкъым.

ДЫЗЭРЫТ зэманым Мамрэш Светланэ Гоголь Николай и цІэр зэрихьэу Мэзкуу дэта театрыщхэм, иджы «Голубой Огонек» зыфІащыжьам, щолажьэ. Спектаклхэ, фильмхэм щоджэгу. Ар хэтащ, псалъэм папщІэ, «Грозный Иван» зи фІэщыгъэ киносериалым, Идар Марие - Гуащэнэ и ролыр игъэзащІэу. Иджы дыдэ къытІэрыхьа хъыбарщ Мамрэш Светланэ Мэшбащэ Исхьэкъ итха «Аиссе» романымкІэ ягъэув фильмым роль нэхъыщхьэр щигъэзащІэну къызэрыхахар.

ЧЭРИМ Марианнэ.

Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексым щекІуэкІащ волейболымкІэ республикэ зэхьэзэхуэ.

ЗЭПЭЩІЭТЫНЫГЪЭ гуащІэхэм пашэныгъэр щаубыдащ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым и волейболисткэхэм. Абыхэм къакІэлъэкІуэ «Урысейм и пощтым» и лэжьакІуэхэр. ХъуманІэ банкым и командэ къухэхар, Налшык къалэм и гупым текІуэри, ещанэ хъущ.

Нэхъапэ Іуэхэ Мэлгъэбэг щызэхэтащ волейболымкІэ зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы хэтащ Шэшэн, Ингуш республикэхэм, Налшык къалэм, КъБКъУ-м я командхэр. А зэхьэзэхуэмэ ялэ уэрІэр къыщахьащ би университетым и спортсменкэхэм. Ингушхэр етІуанэщ, шэшэнхэр абыхэм къакІэлъэкІуэ.

● Волейбол

КъБКъУ-м и гупыр пашэщ

КъБКъУ-м и волейбол командэр ягъаув университетым Физкультурэ-спорт егъэджэныгъэмкІэ педагогикэмрэ психологиемкІэ и институтым и унафэщІым и къуэдзэ, педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат Конолпёвэ Аннэрэ КъБР-м ВолейболымкІэ и федерацэм и президент, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ Гуэнокъуэ Руслан.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Футбол

Зэхьэзэхуэхэр къызэтрагъэувыІэ

Нэхъ мащІэ дыдэу мэлыжьыхьым (апрелым) и 10 пщІондэ ди къэралым спорт зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІынукъым. Коронавирусым зыщахъумэн папщІэ апхуэдэ унафэ къащтащ федерацэ зыбжанэм.

ЩЫДЖЭГУУИ кІэлъыплъуи нэхъыбэ дыдэ къызэщІэзыуБыдэ футболым Урысей Федерацэм зыкъомрэ зыщиІыгъащ. Европэми Америкэми зэхьэзэхуэхэр щызэпачъэуами, дыдейхэр иджыри джэгуплІэ губгъуэм итащ. Арщхьэкіэ адэкіэ зиплъэфыхь хъунутэкъыми, Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм (РФС) и гъэзэщІакІуэ комитетым и бюром и зэІуІщІэ гъатхэпэм и 17-м Мэзкуу щызэхуаушэсащ. Абы зи гугъу щащІари, къыщащта унафэри узыпэмыпъэнтэкъым. «Урысей Федерацэм коронавирусым (COVID-19) зыщиубгъункІэ шынагъуэ зэрыщыІэм къыхэкІыу, РФС-м футбольмкІэ иригъэкІуэкІ зэхьэзэхуэ псори, топджэгумкІэ щыналъэ федерацэхэм къызэрагъэпэщэри хиубыдэу, къызэтегъэувыІэн 2020 гъэм гъатхэпэм и 17-м къыщыщІэдзауэ мэлыжьыхьым и 10 пщІондэ», - дыкъыщоджэ щІыпІэ псомкІэ зэбграгъэха тхьигъэм.

Абы къэкІуэ дунейпсо, европэпсо зэхьэзэхуэхэм къадэкІуэу, Урысей Федерацэм футбольмкІэ и премьер-лигэми, ялп, етІуанэ дивизионхэми, уеблэмэ къэралым и щыналъэ щхьэхуэхэм щыІэхэми зэпеуэхэр мазэм нэблагъэкІэ зэкІэ зэрыщыІэзэпагъэр. ЩыщІадзэжьнур зэлъытар коронавирусым и щытыкІэращ.

Ар дэльыгтауэ жьыпІэмэ, «Спартак-Налшык» профессиональ футбол клубыр зыхэт етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и чемпионатри, нэгъуэщІ куэди пІалъэкІэ зэхуащІ. Абыи къыщыщынэркъым. Коронавирусым зиубгъуным зыщащхьумэн папщІэ «Спартак-Налшык» ПФК-м и унафэщІ Мэшыкъуэ Аслъэн унафэ ищІащ командэм и зыгъэсэныгъэр къызэтрагъэувыІэу щІалэхэр зэкІэ зэбградгъэпыщыкІыну. Ар екъулІащ «Спартак-Налшык» сабий-ныбжьыщІэ спорт школхэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Темыркъан Залымджэрий и ялп пшыхь

● Макъыщ1э

Налшык дэт Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм иджыблагъэ щекІуэкІащ пшынэр Іэзэу зыгъэбзэрабзэ адыгэ щІалэ Темыркъан Залымджэрий и ялп концерт.

ЗАЛЫМДЖЭРИЙ Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ Музыкэ академием и еплІанэ курсым щоджэ икІи орыс-сейпсо, дунейпсо зэпеуэхэм мызэмыІтІэу пашэныгъэр щиубыдащ. КъыхэзгъэщІпхъэщ мы щІалэм и Іэзагъым хэпщІыкІыжу зызыигъасхуэр. Абы и фІыгъэщ ар Москва, Къазан, Уфа, Южноуральск, Налшык, Черкесск, Мейкъуапэ, Псыхуабэ, Дон Іус Ростов къалэхэм къыщыщІэзрагъэпэщ концертхэм щІэх-щІэхьыурэ зэрырагъэблагъэр. Темыркъан Юрэ и щІыпкІэ илъэс къэс ирагъэкІуэкІ фестивалым хэтщ.

Залымджэрий курыт еджапІэм щІэсу музыкэм и дуней тельыджэм дихьэхат. Ар гу лъызыта и анэ Аллэ щІалэр Нарткъалэ музыкэм щыхъурагъажэу дэт еджапІэм ишат. Школым и егъэджакІуэ Бажэ Марие Темыркъаныр къыхуэзыІуихат лъэпкъ макъамэм и дахагъэ псори. Залымджэрий пшынэм Іэзэу еуэм и мызакъуэу, езыми макъамэ еус. Мыгувэу абы и альбом щхьэхуэ дунейм къытехьэнущ.

Залымджэрий ныбжькІэ щІалэми, екъулІэныгъэ мымащІэ иІэщ. Абыхэм ящыщщ 2016 гъэм екІуэкІа «Дельфийские игры» зэхьэхьэм дыщэ медаль къызэрыщихьар, иужькІэ къэралым музыкэмкІэ и еджапІэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъытэ, Гнесинхэ я цІэр зезыхьэ академием зэрыщІэтІысхьар. Залымджэрий щеджэр профессор цІэрыІуэ Гунин Виталий и классырщ.

Налшык дэт Киноконцерт гъэлъэгъуапІэм Темыркъаныр къыщыщІэрагъэпэщ пшыхьыр икъукІэ гуапэ хъуат. Макъамэм бзэ, лъэпкъ зэхэгъэж зэримыщІэм, цІыхупсэм тыншу зэрыпІэзэсыфым и щыхьэтт ар. Залымджэрий игъэІу пшынэр зэмыфэгъуу зэтепщІыкІырт, дуней псом къыщащІыху классикэмэ лъэпкъ макъамэхэми ящІэлъ Іэфіыр пэшым щІэсхэм я деж нихьэсфрэ гупсысэ къудамэхэр гущІэм щІэзэригъэтІэ пІыкІырт. Хуабжьу гунэст профессор Семёнов Вячеслав елэжьыжауэ, Уильямс и Іэдакъэщ1экІыу «Незабвенное» зыфІаща композицэр. Моцарт, Ахановым, Римский-Корсаковым къагъэщІэ дахагъэмрэ абыхэм зэманыр пэмылъэщу хэлъ мэгъу къарумрэ къызэхуэсахэр щыхьэт техьэну Іэмал яІащ.

Лъэпкъым и къэкІуэнур дахэу уэзыгъэльагъу щІэбгъэ узынщэхэм ящыщщ Темыркъан Залымджэрий. Тхьэм иригъэфІакІуэ!

ТЭРЧОКЪУЭ Дисэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Тезырыр зыпшыныж цІыхубзхэм я зэпеуэ

Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм тезырыр щрахьэкІ и колание №94-м щаІыгъ цІыхубзхэм я деж щекІуэкІащ «Мисс Гъатхэ 2020» зэпеуэр.

МЫБЫ апхуэдэ зэпеуэхэр илъэс къэс щрагъэкІуэкІ, тезырыр щапшыныж пІалъэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ гъэщІагъэ щытын папщІэ икІи абы хэтыну гукъыдэж зыщІ дэтхэнэри ирагъэблагъэ.

Зэхьэзэхуэр Іыхьихьыу гуэшат. Абы хэтхэм загъэлъэгъуэн хуейт модельеру, артисту, творчествэм дихьэхыу, внэажиту. КьищынэмыщІауэ, цІыхубзхэм упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм жэуап ират, я зэхэщІыкІыр зыхуэдэр къагъэльагъуэу. Зэпеуэм абыхэм щагъэльагъуэ я щыгъын дахэр, езыхэм зэхалъхьа усэхэм къоджэ, уэрэдхэри ягъэзащІэ.

ЦІыхубзхэм егугъуу зыхуагъэхьэзыращ Іуэхум. Абыхэм къадэІэпыкъуащ я гупхэмрэ колониеи и лэжьакІуэхэмрэ. Зэхьэзэхуэм хэтхэм утыкум екІуу зыкъыщагъэльэгъуащ, къриухьэлІахэми я гукъыдэжкІ къаІэтащ.

Зэпеуэм хэтхэм я зэфІэкІыр кьипщытащ Попечительскэ советым щыщхэр, Урысей ФСИН-м и управленэу КъБР-м щыІэм и аппаратым и лІыкІуэхэр, Іэхэущ1апІэм и лэжьакІуэхэр зыхэта якюрим.

Іуэхур екІуу икІи гукъинэжу екІуэкІащ».

ЗЭБАР Мадинэ,
КъБР-м щыІэ УФСИН-м и пресс-Іуэхущ1апІэм и гуащэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм, КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я Іуэхуэхэмкіэ управленэм я лэжьакІуэхэр КъБР-м и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъу **Уянаевэ Іэминат Мухьтар и пхъум хуогузавэ** абы и дэлъху **Уянаев Къанэмэт Мухьтар и къуэр** зэрыпІам къыхэкІыу.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзэнэ Іуэхущ1апІэм, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іущ1ыхьмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «1 КъБР» ВТК-м, ВГТРК-м и «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхыльэ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр «Адыгэ псалъэ» газетым и Интернет Іэнатіэм и унафэщІ **Бицу Жаннэ Мухьэмэд и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Бицу (Абазэ) Сэіимэт Мухьэжид и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

«Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэхэр редакцэм и Интернет Іэнатіэм и унафэщІ **Бицу Жаннэ Мухьэмэд и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Бицу (Абазэ) Сэіимэт Мухьэжид и пхъур** дунейм зэрехьажам къыхэкІыу.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Мариндж (редактор нэхъыщхьэм и ялп къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Зылэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІыпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).



КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-22-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядолжжьнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ●Тираж 2.152 ●Заказ №566

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьІ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу, Никольскэ уэрам, 5-А